**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’**

**PEDAGOGIKA FAKULTETI’**

**«Muzi’kali’q ta’lim» kafedrasi’**

**5111100 - Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ni’n’ IV [a] topar talabasi’ Qutli’muratov Salawat Arti’q u’li’ni’n’ «Mekteplerde muzi’ka ma’deniyati’ pa’nin woqi’ti’wdi’ jetilistiriwde texnika jetiskenliklerinen paydalani’w usi’li’ » temasi’ndag’i’**

# BAKALAVR PITKERIW JUMI’SI’

MAK da qorg`awg`a ruxsat
«Pedagogika» fakulteti dekani` w.w.a.

__________M.Allayarov

”____” _____________ 2016 ji’l

“Muzi’kali’q ta’lim”
kafedrasi’ basli’g’i’ docent

_________S. M. Tajetdinova

Ilimiy basshi: docent
_________ S. M. Tajetdinova

**No’kis – 2016**

**Mazmuni’**


| | |
|---|---|
| Pitkeriw jumi’sti’n` temasi’ ha’m jobasi’................................................. | 2-3 |
| Kirisiw: ......................................................................................... | 4-12 |
| I. Bap: ......................................................................................... | 13-22 |
| 1.1. Sabaq processinde woqi’ti’wshi’ xi’zmetinin’ texnologiyali’q tiykarlari’………………………………………………………… | 13-22 |
| 1.2. Muzi’ka ta’liminde kompyuterden paydalani’w imkaniyatlari’……. | 23-28 |
| II. Bap:<br>2.1. Pedagogi’kali’q texnologi’ya ha’m texni’ka jeti’skenli’kleri’n muzi’ka sabag’i’n woqi’ti’w bari’si’nda qollani’w……………………… | 29-35 |
| 2.2. Muzi’ka sabag’i’n kompyuter arqali’ woqi’ti’w texnologiyalari’nan paydalani’w usi’li’……………………………………………………. | 36-45 |
| 2.3. Muzi’ka ta’liminde kompyuterden paydani’wda ushi’rasatug’i’n mashqalalar……………………………………………………………. | 46-53 |
| Juwmaqlaw: ………………………………………………………. | 54-58 |
| A’debiyatlar. | 59-60 |

**Tema: Mekteplerde muzi’ka ma’deniyati’ pa’nin woqi’ti’wdi’ jetilistiriwde texnika jetiskenliklerinen paydalani’w usi’li’**

**Kirisiw**

I. Bap

1.1. Sabaq processinde woqi’ti’wshi’ xi’zmetinin’ texnologiyali’q tiykarlari’

1.2. Muzi’ka ta’liminde kompyuterden paydalani’w imkaniyatlari’

II - Bap.

2.1. Pedagogi’kali’q texnologi’ya ha’m texni’ka jeti’skenli’kleri’n muzi’ka sabag’i’n woqi’ti’w bari’si’nda qollani’w

2.2. Muzi’ka sabag’i’n kompyuter arqali’ woqi’ti’w texnologiyalari’nan paydalani’w usi’li’

2.3. Muzi’ka ta’liminde kompyuterden paydani’wda ushi’rasatug’i’n mashqalalar

**Juwmaqlaw**

# KIRISIW

O’zbekistanda ta’lim – ta’rbiya tarawi’n reforma yetiwdin’ tiykarg’i’ negizlerinen biri bul woqi’w bari’si’na zamanago’y axborot ha’m kommunikaciya texnologiyalari’nan paydalani’wdi’ yengiziw menen baylani’sli’ boli’p, respublikami’z Prezidenti I.A.Karimov bul ma’selede“ pu’tkil turmi’si’mi’zg’a teren’ kirip barg’an internet diziminin’ ken’ qamrali’p ali’ni’wi’, jaslari’mi’zdi’ O’zbekistanni’n’ a’yyemgi ha’m bay tariyxi’, milliy qa’diriyatlari’mi’z, joqari’ ma’deniyatli’ adamgershilik pazi’yletler ruwxi’nda ta’rbiyalawg’a xi’zmet yetetug’i’n milliy axborot resurslari’n qa’liplestiriw ha’m rawajland’ri’w, bul haqqi’nda ma’mleketlik tildin’ imkaniyatlari’nan na’tiyjeli paydalani’w ma’selesi barqulla itibari’mi’z worayi’nda turi’wi’ kerek dep atap wo’tedi[1].

Bunday wazi’ypalardi’ a’melge asi’ri’w kadrlar tayarlawdi’n’ milliy modelin a’melge asi’ri’wdi’n’ basqi’shlari’nda belgilep berilgen boli’p, woni’n’ keleshektegi keleshegi Prezidentimiz ta’repinen ilimiy tiykarlani’p berildi. Modeldi a’meliyatqa yengiziw woqi’ti’wdi’ texnologiyalsti’ri’w menen u’ziliksiz baylani’sli’ boli’p yesaplanadi’. Ilimiy texnikali’q rawajlandi’ri’w bunda islep shi’g’ari’wdi’n’ ko’p sanli’ tarmaqlari’ menen bir qatarda bilimlendiriw tarawi’na ha’m zamanago’y axborot texnologiyalardi’ yengiziwdi talap yetpekde. Sol sebepli Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’nda “Woqi’w – ta’rbiyali’q islerinde aldi’n’g’i’ pedagogikali’q ha’m axborot texnologiyalari’ menen ta’miyinlew“ za’ru’rligi tuwi’ldi’, woni’n’ yekinshi ha’m u’shinshi basqi’shlari’nda wori’nlanatug’i’n juwapkerli wazi’ypalardi’n’ biri si’pati’nda belgilenedi[2].

Ne ush’n bu’gingi ku’nde bilimlendiriwde axborot texnologiyalari’n yengiziwdin’ teoriyali’q tiykari’n jarati’w ha’m a’meliyatqa yengiziw za’ru’rligi payda boldi’? Birinshiden, woqi’ti’wshi’ni’ woqi’ti’wdi’ sho’lkemlestiriwshi yemes, ba’lkim bilimlerdi iyelew dereklerinen birine aylani’p ati’rg’anli’g’i’n ayti’p wo’tiw wori’nli’.

[1] Karimov I.A. Inson, uning huquq va erkinliklari - oliy qadriyat. - T. 14. - Toshkent:O’zbekiston, 2006. - 280 b.
[2] Barkamol avlod orzusi // Tuzuvchilar: Sh. Qurbonov,R.Axlidinov, H.Saidov. - Toshkent: Sharq, 1999. – 205 b.

Yekinshiden, ilimiy – texnikali’q wo’siwdin’ rawajlani’p ati’rg’an basqi’shi’nda axborotlardi’n’ keskin arti’p barati’rg’anli’g’i’n ha’m wolardan woqi’ti’w bari’si’nda paydalani’w ushi’n waqi’tti’n’ shegeranlang’anli’, sonday - sonday – aq talabalardi’ ka’siplik xi’zmetke ku’shli tayarlaw talaplari’ bilimlendiriw sistemasi’na zamanago’y texnologiyalardi’ yengiziwdi talap yetpekte.

Ma’mleketimizde bilimlendiriw tarawi’nda boli’p ati’rg’an tu’p jan’alani’wlar ha’r bir bilimlendiriw wori’nlari’nda woqi’w bari’si’nda metodikali’q ta’miyinleniwin rawajlandi’ri’wdi’ talap yetedi. Zamanago’y axborot ha’m kommunikaciya texnologiyalari’ ji’llar dawami’nda pedagogikali’q innovaciyalardi’n’ tiykarg’i’ deregi boli’p qaladi’. Bilim ali’wshi’lar ushi’n yerkin wo’z betinshe bilim ali’wshi’lar imkaniyatlari’n bilimlendiriwdin’ electron axborot resurslari’n  qa’liplestiriw ha’m rawajlandi’ri’w ushi’n za’ru’r sharayi’tlari’n jarati’w bilimlendiriw mazmuni’n jetilistiriwdin’ za’ru’riy sha’rtlerinen biri boli’p yesapanadi’. Zamanago’y bilimlendiriw sistemasi’ni’n’ tiykari’n joqari’ si’patli’ ha’m joqari’ texnologiyali’ wortali’qti’ sho’lkemlestiriledi. Woni’n’ jarati’li’wi’ ha’m rawajlani’wi’ texnikali’q ta’repten quramali’ biraq bunday wortali’q bilimlendiriw sistemasi’n jetilistiriwge bilimlendiriwde axboot ha’m komunikaciya texnologiyalari’n yengiziwge xi’zmet yetedi.

«Kadrlar tayarlaw milliy bag’darlamasi’» talabalardi’ a’melge asi’ri’wda ha’m jas a’wladdi’ joqari’ da’rejede tayarlawdi’ ta’miyinlew maqsetinde milliy qa’diriyatlar sin’dirilgen pa’nler boyi’nsha electron woqi’w – metodikali’q komleksin jarati’w ma’mleket a’hmiyetine iye bolg’an ma’seleler qatari’na kiritilgen. Bu’gingi ku’nde ilim – pa’nde jedel rawajlani’p ati’rg’an, zamanago’y axborot – kommunikaciya qurallari’ ken’ yengizilgen ja’miyette barli’q pa’n tarawlari’nda bilimlerdin’ tez jan’alani’p bari’wi’, bilim ali’wshi’lar aldi’na wolardi’ tez ha’m si’patli’ iyelew menen bir qatarda, bir tegis ha’m yerkin tu’rde bilim izlew wazi’ypasi’n qoymaqta. Sohi’n ushi’n milliy ga’ressizlik idealogiya pikirine sadi’q, jeterli intelektual da’rejesine iye ilim – pa’n nin’ zamanago’y jetiskenligin ta’rbiyalaw ha’m ba’sekilesiw joqari’ ta’jiriybege iye kadrlardi’

tayarlaw ma’selesi elektron woqi’w – metodikali’q komlekslerdin’ jan’a a’wladi’n jarati’w talap yetilmekte.

Kadrlardi’ tayarlaw milliy modeli talaplari’na s’ykes keletug’’n ha’m Ma’mleketlik bilimlendiriw standartlari’ tiykari’nda islep shig’i’lg’a «U’ziliksiz bilimlendiriw sistemasi’ ushi’n woqi’w a’debiyatlari’n jan’a a’wladdi’ jarati’w koncepciyasi’» ni’n’ tiykarg’i’ wazi’ypalari’nan electron woqi’w – metodikali’q komlekslerdi jarati’w ushi’n ilimiy - izertlew, psixologiyali’q – pedagogikali’q ha’m metodikali’q talaplardi’ islep shi’gi’w, elektron woqi’w – metodikali’q komlekslerden duri’s ha’m racional paydalani’w maqsetinde wolardi’n’ bar bolg’an formalari’ ha’m tu’rlerine ani’q si’patlama beriw ha’mde ma’mleketimiz ko’leminde zamano’go’y electron woqi’w – metodikali’q kompleksl erdi tayarlaw boyi’nsha strategiyali’q ma’seleler ko’lemin ani’qlaw belgilengen.

O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ «Bilimlendiriw haqqi’ndag’i’ Ni’zami’, Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’,«Axborotlasti’ri’w haqqi’ndag’i’ Ni’zami’, O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ «O’zbekistan Respublikasi’ ja’ma’a’t bilimlendiriw axborot tarmag’i’n sho’lkemlestiriw hqqi’ndag’i’» 2005 ji’l 28 sentyabrdegi ПК-191-sanli’ qarari’ ha’m O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabineti Kompyuterlestiriw ha’m axborot – kommunikaciya texnologiyalari’n rawajlandi’ri’w boyi’nsha Muwapi’qlasti’ri’wshi’ ken’estin’ 2008 ji’l 20-iyundag’i’ 22-sanli’ ma’jilis bayani’na muwapi’q islep shi’g’i’lg’an boli’p wol bilimlendiriw mekemelerinde jarati’lg’an ha’m a’melde qollani’latug’i’n pa’nlerdin’ elektron woqi’w – metodikali’q komlekslerine bol’g’an tiykarg’i’ talaplardan birin belgilep beredi.

Pa’nnin’ electron woqi’w – metodikali’q kompleksi (keying waqi’tlari’ (EWOMK) degende Ma’mleketlik bilimlendiriw standarti’ ha’m pa’n bag’darlamasi’nda belgilengen talabalar tiykari’nda talabalar ta’repinen yeleniwi kerek bolg’an bilim, ko’nlikpe ha’m ta’jiriybelerdi komponentlik da’rejesinde rawajlandi’ri’wshi’ woqi’w bari’si’n kompleks proektlew tiykari’nda kepillengen na’tiyjelerdi ali’wdi’, wo’z betinshe bilim ali’w ha’m u’yreniwdi ha’m qadag’alawdi’ a’melge asi’ri’wdi’ ta’miyinleydi, talabani’n’ do’retiwshilik

qa’biletlerin rawajlandi’ri’wg’a bag’drlang’an electron ko’rinistegi woqi’w – metodikali’q derekler, didaktikali’q qurallar ha’m materiallar, wo’lshemlerin wo’z ishine aladi’.

EWOMK Ma’mleketlik bilimlendiriw standarti’ tiykari’nda du’ziletug’I’n pa’n bag’darlamasi’na muwapi’q ha’m shaxsqa bag’darlang’an, rawajlandi’ri’wshi’ ha’m zamahago’y axborot – kommunikaciya wortali’g’i’ndag’i’ wo’z betinshe bilim ali’w texnologiyalari’, principleri ha’m talaplari’ tiykari’nda islep shi’g’i’ladi’.

EWOMK wo’z ishine ma’jbu’riy ha’m qosi’msha ha’m qosi’msha bo’limlerdi qamrap aladi’. Ma’jbu’riy bo’lim to’mendegi 4 ta komponentlerinen ibarat: normative hu’jjetler komponenti; tiykarg’i’ mazmundi’ belgilewshi komponent; metodikali’q komponenti; bahalaw komponenti. EWO”MKti’n’ qosi’msha electron xrestomatiyasi’, electron jurnallar, Internet saytlarg’a ssilalar ha’m t.b. kiritiliwi mu’mkin.

G’a’ressizlik sharapati’ menen yelimizde “Salamat ana ha’m salamat bala ji’li’” «Azat ha’m abat Watan, yerkin ha’m parawan turmi’s quri’w» joli’nan barar yekenbiz, ja’miyetimizdi’n’ barli’q tarawlari’nda bir qansha wo‘zgerisler a’melge asi’ri’lmaqta. Wo‘sip kiyati’rg’an jas a’wladdi’ ha’r ta’repleme garmoniyali’q rawajlang’an insan yetip ta’rbiyalaw bu’gingi ku’nnin’ yen’ aktual mashqalalari’nan biri boli’p turg’an bir payi’tda, tiykari’nan bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’na pedagogli’q sheberlik si’rlari’n u’yretip bari’w wog’ada za’ru’rligin turmi’s ta’rizi talap yetpekte. Bolajaq muzi’ka qa’nigeleri jas a’wlad sanasi’na joqari’ tuyg‘i’lardi’ sin’diriwshi, wolarda Ana Watang’a muhabbat woyati’wshi’, go‘zalli’qqa umti’li’p jasawdi’ ha’m woni’ asi’rap saqlawdi’ u’yretiwshi soni’n’ menen birge jan’adan do’retiwshilerdi jarati’wg’a bolg’an i’qlasi’n woyati’wshi’ kasip iyeleri yesaplanadi’.

Respublikamiz prezidenti I.A.Karimov ta’repinen bul kem ushi’raytug’i’n tapti’rmaytug’i’n kasip iyelerinin’ imkaniyatlari’n teren’ sezgen halda, jas a’wladqa muzi’ka ta’limin beriw za’ru’rligine ayi’ri’qsha itibar qarati’wi’ na’tiyjesinde ha’m wolarg’a za’ru’r sha’rt – sharayi’tlar jarati’p beriw

haqqi’ndag’i’ arnawli’ pa’rmanlari’ shi’qti’. Wonda ayti’p wo’tkenindey, «Balalar muzi’ka ha’m ko’rkem wo’ner mekteplerin zamanago’y woqi’w ha’m muzi’ka a’sbap u’skeneler menen ta’miyinlew» buungi ku’nnin’ talaplari’nan biri boli’p yesaplanadi’. Balalar muzi’ka ha’m ko’rkem wo’ner mekteplerinin’ materialli’q ha’m texnikali’q bazasi’n bekkemlew, wolardi’n’ xi’zmetin ja’nede jaqsi’law boyi’nsha 2009 – 2014 – ji’llarg’a mo‘lsherlengen ma’mleketlik bag’darlamani’ tayyarlaw maqseti ha’m wazi’ypalari’ rejelestirildi. Bul wazi’ypalardi’ wori’nlawda O‘zbekistan Respublikasi’ prezidenti pa’rmani’nan kelip shi’qqan halda a’melge asi’ri’w kerekligi atap wo‘tildi. Uli’wma bilim beretug’i’n ha’mde muzi’ka mekteplerinde muzi’ka pa’ni boyi’nsha ma’mleketlik woqi’w standartlari’ ha’m bag’darlamalari’ tiykari’nda sabaqli’q, metodikali’q qollanba ha’m woqi’w qollanbalari’n talap da’rejesindegi wo’lshemler boyi’nsha jetilistiriw za’ru’rligi kelip shi’qti’. Muzi’ka ta’liminin’ joqari’ maqsedi bul: jas a’wladdi’ milliy muzi’ka miyrasi’mi’zg’a iyelik yete alatug’i’n ha’mde milliy muzi’kami’zdi’n’ ruwxi’y bayli’g’i’n wo’zinde sezine alatug’i’n, ha’r ta’repleme jetik, salamat, ma’deniyatli’, tek g’ana wo‘zinin’ milliy da’stu’rlerin u’yrenip qalmastan, soni’n’ menen birge basqa milletler milliy ma’deniyati’n da u’yrenip wolardi’ hu’rmet yete alatug’i’n da’rejede ta’rbiyalawdan ibarat boli’p yesaplanadi’. Bunda estetikali’q ta’rbiyani’n’ a’hmiyetii ta’siri wog’ada u’lken boli’p tabi’ladi’. Yestetikali’q ta’rbiyani’n’ mazmuni’ ko’plegen ta’rbiyali’q mazmundi’ qamti’g’an boli’p soni’n’ ishinde muzi’kali’q tarbiya yen’ tiykarg’i’ wori’ndi’ iyeleydi. Xali’q pedagogikasi’ wo‘sip, rawajlani’p barati’rg’an bir da’wirde xali’q namalari’ni’n’ u’lgilerin u’yreniw ha’m belgili jergilikli ko’rkem wo’ner iyeleri do’retiwshiliginen sabaq bari’si’nda ken’ paydalani’w muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ aldi’nda turg’an aktual wazi’ypalardan biri boli’p yesaplanadi’. Usi’ pedagogikali’q wazi’ypalarda belgilengenindey xalqi’mi’z da’stu’rlerine ta’n bolg’an ruwxi’y qa’diriyatlari’n, u’rp a’detlerin, xali’q do’retpelerin, xalqi’mi’zdi’n’ milliy namalari’n balalardi’n’ yeslep qali’w qa’bileti da’rejesine a’piyayi’dan quramali’g’a qaray basqi’shpa – basqi’sh sin’diriw ha’m soni’n’ menen birge milliy sanani’ qa’liplestirip bari’w na’zerde tuti’ladi’. Milliy

muzi’kami’z repertuari’ Ana Watang’a muhabbat, miynetsu’ygishlik, tabiyatti’ qorg’aw, dostli’q ha’m birge islesiw, miyrim – sha’pa’a’tlilik si’yaqli’ sezimlerdi muzi’kali’q obrazlar arqali’ su’wretlewge qarati’lg’an boli’p, tiykari’nan sabaq bari’si’nda woqi’wshi’larda qosi’q atqari’wshi’li’q ko’nlikpelerin qa’liplestiriwge qarati’lg’an. Qosi’qti’n’ muzi’kasi’nda milliy i’rg’aqlardi’ duri’s atqari’w arqali’, muzi’kali’q ritmikali’q ha’reketlerdi sa’wlelendiriw, saz a’sbaplari’nda shertilgen muzi’kani’ ti’n’lap wolardi’ aji’rati’p biliwge u’yretiw ha’m balalarda milliy xali’q namalari’n milliy saz a’sbaplari’nda shertiwdi u’yreniwge i’qlas woyati’wdan ibarat.

Bilimlendiriw sistemasi’n reformalasti’ri’w ha’zirgi waqi’tta woqi’wshi’larg’a teren’ bilim beriw, jaslardi’ yerkin, wo’z pikirine iye bolg’an insanlar yetip ta’rbiyalawda woqi’ti’wdi’n’ a’hmiyetli ta’replerin teren’ ani’qlaw turmi’sqa yengiziw yen’ za’ru’rli mashqalalardan biri. Woqi’w wori’nlari’ndag’i’ beriletug’i’n bilim ilimiy xarakterge iye boli’p ilim – texnikani’n’ son’g’i’ jetiskenlikleri ha’m woylap tabi’wlari’n wo’zinde sa’wlelendiriwi lazi’m. Soni’n’ ushi’nda woqi’ti’wshi’ du’n’ya ju’zindegi bu’gingi ku’nde ilim pa’ndegi jan’ali’qlardan xabardar boli’wi’ kerek, sonda g’ana woqi’w pa’nleri de ilimiy tiykarda jarati’ladi’. Ta’lim ta’rbiyadag’i’ jetiskenlikler yen’ aldi’ menen teoriya menen a’meliyattın’ wo’z – ara baylani’si’na tiykarlang’an bolsa, woqi’wshi’ woqi’w shi’ni’g’i’wlari’n tez tu’sinip jetedi, wolardan sapali’ paydalana aladi’. Ha’zirgi waqi’tta woqi’ti’w bari’si’nda aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyadan paydalani’w u’lken a’hmiyetke iye. Bilim beriwde woqi’ti’w protsessinin’ wo’zine ta’n bolg’an ta’repleri belgili boli’p, paydali’ na’tiyjege yerisiwde tiykari’nan pedagogikali’q texnologiyalar tiykari’nda a’melge asi’ri’ladi’.

Bu’gingi ku’nde muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ ushi’n ma’mleket talaplari’ sonnan ibarat: bular

- O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti’ni’n’ 2008 ji’l 7 yanvardag’i’ “Balalar muzi’ka ha’m ko’rkem wo’ner mektepleri’ni’n’ materialli’q – texnikali’q bazasi’n bekkemlew ha’m wolardi’n’ xi’zmetin ja’nede jaqsi’law boyi’nsha 2009 –

2014 ji’llarg’a mo’lsherlengen ma’mleket bag’darlamasi’n tayyarlaw ila’jlari’ haqqi’nda F – 2008 – sanli’ pa’rmani’ni’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’n biliwi;

- Uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerdin’ ma’mleketlik bilimlendiriw standartlari’ ha’m usi’ tiykari’nda muzi’ka pa’ni boyi’nsha woqi’wshi’lardi’n’ tayarli’q da’rejesine qoyi’latug’i’n ma’jbu’riy talaplardi’ biliwi;
- wo’z qa’nigeleri boyi’nsha ilimiy – izertlew, metodikali’q jumi’slari’n ali’p bari’w talaplari’n biliwi ha’m wolardi’ a’meliyatta qollay ali’wi’;
- ha’r bir sabaqqa tiyisli bezew, qural, muzi’ka saz a’sbaplari’, ko’rgizbeli qurallar, didaktikali’q materiallardan paydalang’an halda woqi’w sabaqlardi’ pedagogikali’q sheberlik penen wo’tkeriw ta’jiriybesine iye boli’wi’;
- woqi’ti’w (sabaq beriw) ha’m ta’rbiyalaw sheberligine iye boli’wi’;
- woqi’wshi’lar iyelegen bilim ha’m ko’nlikpelerdi ani’qlaw ushi’n testler du’ziwi ha’m wolardi’ qollap biliwi;
- worayli’q Aziya ulamalari’ni’n’ ruwxi’y – ag’arti’wshi’li’q, ma’deniy miyraslari’n ha’m wolardi’n’ muzi’ka ilimin rawajlandi’ri’wg’a qosqan u’leslerin biliwi ha’mde woqi’wshi’larg’a bul haqqi’nda mag’li’wmatlar beriwi;
- woqi’wshi’larg’a u’yretilip ati’rg’an qosi’qlardi’n’ ha’m ti’n’law ushi’n berilgen muzi’ka shi’g’armalari’ni’n’ avtorlari’ haqqi’nda mag’li’wmatlardi’ biliwi ha’m barli’q qosi’qlardi’ talqi’law bilimine iye boli’wi’;
- xalqi’mi’zdi’n’ muzi’ka miyrasi’, woni’n’ janrlari’ ha’m jergilikli usi’llari’, qaraqalpaq milliy muzi’ka saz a’sbaplari’ ha’m wolardan du’zilgen har qi’yli’ ansambller, orkestr ha’mde orkestrlerdin’ tu’rleri haqqi’nda mag’li’wmatlarg’a iye boli’wi’;
- xali’q qosi’qların ha’m woni’n’ saz a’sbaplari’ menen qosi’li’p shertiliw jollari’n biliwi;
- shi’g’i’s xali’qlari’ klassik muzi’kasi’, wolardi’n’ uqsasli’g’i’ ha’m bir – birinen wo’zgesheligin biliwi;
- klass basshi’si’ni’n’ jumi’si’ni’n’ mazmuni’ ha’m a’hmiyetin, forma ha’m usi’llari’n biliwi ha’mde bunday jumi’slardi’ ali’p bari’w qa’biletine iye boli’wi’;

- intali’ woqi’wshi’lardi’ ani’qlap ali’wi’ ha’m wolarg’a arnalg’an bilim beriw jollari’ni’n’, formalari’ ha’mde usi’llari’n islep shi’g’i’wi’;
- bu’gingi ku’nde muzi’ka pa’ni boyi’nsha mashqalalar ha’m jan’ali’qlardi’, ilimiy izleniwler haqqi’nda mag’li’wmatlardi’ biliwi;
- uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerinde ilimiy – metodikali’q, ta’jiriybe si’naw jumi’slari’n ali’p bari’w ta’rtip qag’i’ydalari’n biliwi;
- sabaqlardi’ gu’zetiw, talqi’law ta’jiriybesine iye boli’wi’;
- uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerdegi pedagog xi’zmetkerlerdi attestatsiya yetiw ha’m kategoriyalari’n ko’teriw ta’rtip qag’i’ydalari’ haqqi’nda mag’li’wmatqa iye boli’wi’;

muzi’ka ta’lim – ta’rbiyasi’ boyi’nsha qa’nigelestirilgen mektep yamasa arnalg’an klaslarda ta’lim ta’rbiyani’n’ mazmuni’n ha’m a’hmiyetin muzi’ka woqi’ti’wshi’si’na qoyi’latug’i’n talaplar ha’m woni’ sho’lkemlestiriwdin’ forma ha’m usi’llari’ haqqi’nda mag’li’wmatqa iye boli’wi’ talap yetiledi.

Izertlew maqseti: “Muzi’ka ma’deniyati’” sabag’i’nda texnika jetiskenliklerinen paydalani’wdi’n’ na’tiyjeliligin asi’ri’w.

Izertlew ob’ekti: uli’wma bilim beretug’i’n mektep “Muzi’ka ma’deniyati’” sabaqlari’.

Izertlew predmeti: “Muzi’ka ma’deniyati’” sabag’i’nda texnika jetiskenliklerinen paydani’w na’tiyjeliligin asi’ri’w jollari’.

Izertlew wazi’ypalari’:

1. Izertlewge tiyisli bolg’an tiykarg’i’ mag’li’wmatlar menen tani’si’w.
2. “Muzi’ka ma’deniyati’” sabag’i’nda texnika jetiskenliklerinen paydalani’wdi’n’ mazmunli’ ta’replerin rawajlandi’ri’w ushi’n na’tiyjeli usi’llardi’ jarati’wdan ibarat.
3. Izertlew jumi’slari’n a’meliyatqa yengiziw.
4. Jumi’s ushi’n ali’ng’an metodlar tiykari’nda si’naw ta’jiriybe jumi’slari’n ali’p bari’w.

Izertlew metodlari’

1. Ilimiy ha’m pedagogikali’q a’debiyatlardi’ talqi’law ha’m bul boyi’nsha juwmaq shi’g’ari’w.

2. Aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiya ta’jiriybelerin u’yreniw ha’m uli’wmalasti’ri’w.

3. Ta’jiriybe si’naw jumi’slari’n ali’p bari’w ha’m juwmaq shi’g’ari’w.

4. Maqsetke muwapi’q pedagogikali’q texnologiya usi’llari’ arqali’ gu’zetiwler ali’p bari’w ha’m woni’n’ na’tiyjeli ta’replerin u’yreniw.

Izertlewdin’ metodologiyali’q tiykari’: Muzi’kali’q ta’rbiya haqqi’ndag’i’ O’zbekistan Respublikasi’ni’n’ ma’mleketlik hu’jjetleri, Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ axborot – kommunikaciya texnologiyalari’n ja’nede rawajlandi’ri’w is ila’jlari’ haqqi’nda qararlari’, O’zbekistan Respublikasi’ joqari’ ha’m worta arnawli’ bilimlendiriw ministrligi ta’repinen shi’g’ari’lg’an buyri’q ha’m qararlari’ haqqi’ndag’i’ pikirleri.

Izertlewdin’ jan’ali’g’i’: “Muzi’ka ma’deniyati’” sabag’i’ni’n’ mazmuni’ ha’m du’zilis ta’replerini qa’liplestiriwge arnalg’an pedagogikali’q usi’ni’slar islep shi’g’i’lg’an .

Izertlewdin’ a’meliy ah’miyeti: “Muzi’ka ma’deniyati’” sabag’i’nda texnika jetiskenliklerinen paydalani’wdi’n’ na’tiyjeliligin asi’ri’wdi’n’ jollari’na tiykarlang’an. Izertlewdin’ na’tiyjelerinen uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerinin’ muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ wo’z a’meliy xi’zmetlerinde paydalani’wi’ mu’mkin.

Pitkeriw qa’nigelik jumi’si’ kirisiw, 2 bap, 4 paragraf, juwmaqlaw ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat boli’p 60 betti quraydi’

Juwmaqlap, soni’ ayti’p wo’tiw kerek haqi’yqati’nda da woqi’ti’wshi’lar wo’zlerinin’ ka’siplik bilim ko’nlikpe ha’m bilimlilik da’rejesinin’ rawajlang’anli’g’i’ menen wo’zleri sabaq beretug’i’n pa’nlerdin’ sheber ta’jiriybeli iyesi boli’p yesaplanadi’. Sonli’qtan woqi’w – ta’rbiyali’q protsessinin’ barli’q basqi’shlari’n a’melge asi’ri’wda woqi’ti’wshi’ tiykari’nan tiykarg’i’ wori’nlawshi’ wazi’ypani’ atqaratug’i’nli’g’i’n ha’r dayi’m juwapkerli tu’rde seziniwi kerek.

## I. BAP. 1.1. SABAQ PROSESSINDE WOQI'TI'WSHI' XI'ZMETININ' TEXNOLOGIYALI'Q TIYKARLARI'

O'zbekistan Respublikasi' bilimlendiriw diziminde Axborot kommunikaciya texnologiyalari'n qollaw ken' ko'lemde yen jaydi'. Bul rawajlani'w arqali' bilimlendiriw diziminde ma'mleketlik siyasati' da'rejesine ko'terildi. Prezidentimiz I.A.Karimovti'n' 2002 – ji'li' "AKT ha'm kompyuterlestiriwdi ja'nede rawajlandi'ri'w haqqi'nda"g'i' pa'rmani' ha'm 2005 – ji'li' qabi'l yetilgen "Axborot kommunikaciya texnologiyalari'n ja'nede rawajlandi'ri'wdi'n' qosi'msha isila'jlari' haqqi'nda" g'i' qarari' tiykari'nda Respublikani'n' barli'q bilimlendiriw woqi'w wori'nlari'nda Axborot kommunikaciya texnologiyalari'n qollaw ha'm wonda na'tiyjeli paydalani'w is ila'jlari'n islep shi'g'i'li'p atqari'li'w bari'si' ta'miyinlenedi.

Haqiyqati'nda da bilimlendiriw wori'nlari'nda Axborot kommunikaciya texnologiyalardan paydalani'w ha'm woni' sabaqta qollaw pedagog woqi'ti'wshi'ni'n' tiykarg'i' xi'zmetine kiredi. Buni'n' ushi'n woqi'ti'wshi' – pedagog zamanago'y texnikali'q qurallardan na'tiyjeli ha'm wo'z worn'nda paydalana alatug'I'n do'retiwshi shaxs boli'wi' kerek. Woqi'ti'wshi'ni'n' do'retiwshilik pedagogikali'q xi'zmeti – insan shaxsini woni'n' du'nyag'a ko'z qarasi'n isenimin sanasi'n qulqi'n qa'liplestiriwge boysi'ndi'ri'lg'an sheksiz ma'selelerdi sheshiw bari'si' boli'p yesaplanadi'. Demek woqi'ti'wshi' sabaq bari'si'nda wo'zinin' bilimi, ko'nlikpesi, ta'jiriybesi ha'm do'retiwshilik qa'biletin iske sali'p imkani' bari'nsha Axborot kommunikaciya texnologiyalari'nan paydalani'p sabaq wo'tiwi za'ru'r. Bunda woqi'ti'wshi' wo'z xi'zmetin zamanago'y texnikali'q qurallar tiykari'nda ali'p barai'ladi' ha'm sabaq payi'ti'nda Axborot kommunikaciya texnologiyalari'n qollawdi' ta'lim – ta'rbiyag'a maqsetli ra'wishte sin'dirip bari'w kerek. Bul halat pedagog – woqi'ti'wshi'ni'n' islep shi'g'ari'w bari'si'nda ju'z beredi.

Woqi'ti'wshi' sabaq bari'si'nda kompyuter texnikalari' ha'r qi'yli' audio – video qurallardi' paydalan'p wo'tilip ati'rg'an temalar menen baylani'sli' videorolikler islep sh'g'i'wi' mu'mkin. Buni'n' ushi'n woqi'wshi'larda jeterli

da’rejede zamanago’y texnikali’q qurallari’nan paydalani’w bilim ha’m ko’nlikpelerge iye boli’wi’ kerek. Sonday aq sabaq bari’si’nda qa’legen tu’rdegi mag’li’wmatlardi’ komleksli ta’rizde prezentaciya yetiw ushi’n mu’ltimediya qurallari’nan paydalani’p so’ylewi qaytadan islenedi ha’m su’wretler menen hu’jjetlerdi ko’rip shi’g’i’ladi’. Bu ekrang’a su’wretin so’z benen birgelikte shi’g’ari’w imkani’n beredi. Mu’ltiediani’n’ a’hmiyetli bag’darlari’nan biri sabaq bari’si’nda u’yretiwshi dizimlerdi jarati’w boli’p yesaplanadi’. Zaanago’y woqi’ti’wshi’ xi’zmeti tek g’ana bilimlerdi uzati’wshi’ a’piwayi’ metodist si’pati’nda yemes ba’lkim pedagog – texnolog ko’z qarasi’ menen bahalani’wi’ kerek.

Pedagogika pa’ninde “texnologiya” – bul shaxsti’ woqi’ti’w, ta’rbiyalaw ha’m rawajlandi’ri’w ni’zamlari’n wo’zinde qa’liplestiren ha’m juwmaqlaw na’tiyjesin ta’miyinleytug’i’n pedagogikali’q xi’zmet bolsa, [2]axborotlasti’ri’wda “texnologiya” atamasi’ bul islep shi’g’ari’w tarawi’ndag’i’ usi’llar ha’m qubi’li’slar komleksi yesaplanadi’.[3] Demek wonin’ xi’zmeti dawami’nda usi’ atamalardi’ biriktirgen halda “pedagog – texnolog”ti’n’ tiykarg’i’ jumi’s islew xi’zmetinu’yrenemiz. Pedagog – texnolog wozinin’ xi’zmeti dawami’nda sabaqta qollani’latug’i’nligi zamanago’y texnikali’q qurallardi’n’ qa’wipsizligine juwapkerha’m qollani’w za’ru’r bolg’an zamanago’y texnikali’q qurallardi’ sabaq aldi’nan tayarlaydi’ yamasa isletiw bari’si’ndag’i’ halatlardi’ tekseredi.

Pedagog – texnologti’n’ sabaqti’ Axborot kommunikaciya texnologiyalardan paydalani’p wo’tiw sabaq si’pati’ni’n’ na’tiyjeliligin, duri’sli’g’i’n, ilimiyligin ta’miyinlep, woqi’wshi’ sabaqqa bolg’an do’retiwshilik qa’biletin, teren’ ha’m yerkin pikirlewdi, sabaqqa bolg’an qi’zi’g’i’wi’n artti’ri’p, bilim ha’m ko’nlikpelerin bekkemleydi. Sabaq bari’si’nda pedagog – texnologti’n’ pedagogikali’q xi’zmetinin’ texnologiyali’q tiykarlari’ zamanago’y texnikali’q qurallar menen Axborot kommunikaciya texnologiyalardan si’patli’ ha’m wonimli paydalani’wdi’ sho’lkemlestirip, bul qubi’li’sti’ bir neshshe wo’lshemler menen wo’lshenedi:

- Axborot kommunikaciya texnologiyalari’n sabaq payi’ti’nda qollawdan maqset – woqi’wshi’da ani’q bilim, teren’ tu’sinikler, a’meliy ko’nlikpeler qa’liplestiriledi;

- sabaqti’n’ mazmuni’n zamanago’y texnikali’q qurallar ja’rdeminde bayan yetiwde woqi’wshi’ni’n’ axborotlardi’ wo’zlestiriw da’rejesin yesapqa ali’nadi’;

- Axborot kommunikaciya texnologiyalari’n qollaw arqali’ woqi’wshi’ni’n’ woqi’w metodlari’n wo’zlestiriw basqi’shlari’ni’n’ jeterli da’rejede duri’sli’g’i’ yesapqa ali’nadi’;

- sabaq bari’si’nda jan’a texnikali’q qurallar ha’m axborotlasti’ri’w usi’llari’ yengizildi;

- sabaq bari’si’ni’n’ ha’r bir basqi’shi’nda kommunikativlik mu’na’sebetlerdin’ axborot texnologiyalari’ menen qatnasta boli’wdi’n’ maqsetke muwapi’qli’g’i’ yeskertilip wo’tiledi.

- Uli’wma alg’anda, sabaq bari’si’nda zamanago’y texnikali’q qurallar menen Axborot kommunikaciya texnologiyalardan paydalani’w arqali’ woqi'ti’wshi’ xi’zmetinin’ texnologiyali’q tiykarlari’ jarati’li’p woqi’ti’wshi’ – pedagogtan “pedagog texnolog” jan’a ka’siplik xi’zmetine wo’tedi.

Respublikami’z g’a’rezsizlikke yeriskennen keyin bilimli qa’nigeler tayarlawg’a u’lken itibar berilmekte. Joqari’ bilimli qa’nige kadrlar tayarlaw tuwri’dan – tuwri’ woqiw wori’nlari’ni’n’ materialli’q – texnikali’q ha’m informaciyali’q bazasi’n bekkemlew, joqari’ si’patli’ woqi’w a’debiyatlar, sabaqli’qlar, elektron woqi’w qollanbalar ha’m lekciya tekstlerin, elektron kitapxanalar jarati’w menen baylani’sli’. Zamanago’y bilimlerge ken’ jol ashi’w, bilimlendiriw sistemasi’n yelede jetilistriwde jan’a xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalardan wo’nimli paydalani’w ha’zirgi ku’nnin’ talabi’na aylandi.

Ha’zirgi waqi’tta joqari’ woqi’w wori’nlari’nda zamanago’y xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalarg’a tiykarlang’an basqari’wdi’n’ xabar sistemalari’nan yerkin paydalana alatug’i’n qa’nigelerdi tayarlaw aktual ma’selelerden yesaplanadi’. Sebebi zamanago’y xabar – kommunikaciyali’q

texnologiyalardan paydalani’w tek g’ana ka’siplik professional jumis na’tijeleliligin artirip g’ana qalmastan, ba’lkim bolajaq qa’nigelerde du’n’yaqarasti’ ha’m xabar ma’deniyati’n tu’rlendiriwge, turmi’sta, sotsialli’q tarawlarda paydali’ ta’sirlerin ko’rsetedi. Ko’pshilik waziypalardi’ wori’nlawda basqari’w processlerin ali’p bari’w, xabar sistemasi’n yengiziw, qa’nigelerdi komp’yuterde islewge u’yretiw u’lken a’hmiyetke iye.

Ha’zirgi zamanago’y woqi’ti’wshi’lari’, qanday tarawda boli’wi’na qaramastan, kompyuter sawatxanli’g’i’ boyi’nsha ken’ ko’lemdegi bilimlerge, zamanago’y yesaplaw texnikasi’, informaciyali’q baylani’s ha’m kommunikaciyali’q sistemalari’, orgtexnika qurallari’ ha’m wolardan paydalani’wda jeterli da’rejede bilimge iye boli’wi’ ha’mde jan’a informaciyali’q texnika ha’m texnologiya tiykarlari’ haqqi’nda bilimlerge iye boli’wi’ tiyis.

Bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’ xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalar menen tani’sti’ri’wda to’mendegilerge itibar qarati’li’wi’ kerek:

-bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’ xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalar tiykari’nda sotsiyalli’q paydali’ miynetke u’yretiw ha’m wolardi’n’ aqli’y – do’retiwshiligin rawajlandi’ri’w;

-xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalardan paydalani’p, bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’n’ ka’siplik qa’biletlerin rawajlandi’ri’w;

-bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’n’ woylaw qa’biletin rawajlandi’ri’w ha’m zamanago’y xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalari’ tiykari’nda jetilistiriw;

-zamanago’y joqari’ bilimli woqi’ti’wshi’lardi’ tayarlawda innovaciyali’q usi’llardan paydalani’w h. t. b.

Bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’ ka’siplik tayarlawda tiykarg’i’ waziypalari’nan biri wolardi’ aqliy – do’retiwshilik ha’m a’meliyatqa u’yretiwden ibarat. Buni’n’ ushi’n xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalar imkaniyatlari’nan na’tiyjeli paydalani’p, talabalardi’n’, yag’ni’y bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’n’ ta’lim – ta’rbiya ha’m ka’sipke qi’zi’g’i’wsh’li’g’i’n rawajlandi’ri’w lazi’m.

Bizge belgili ha’zirgi waqi’tta tu’rli kompyuter woyi’nlari jaslardi’n’ ta’lim – ta’rbiyasi’na ziyanli’ ta’sirin ko’rsetpekte. Bunday jag’daylardi’n’ aldi’n ali’w

ushi’n woqi’w wori’nlari’nda pa’n do’gerekleri, texnikali’q do’retiwshilik woraylari’. Internet klublari sho’lkemlestiriliwi ha’m wolar texnikali’q qurallar, sonday – aq kompyuterler menen qurallang’an boli’wi’ kerek. Sebebi, talabalardi’n’ bilimi ha’m xabar – kommunikaciyali’q ma’deniyati’ qanshama joqari’ bolsa, wolarda ka’siplik bilim ha’m ko’nlikpelerin payda yetiw sonshelli a’nsat boladi’.

Solay yetip, xabar – komunikaciyali’q texnologiyalari’ tiykari’nda talabalardi’n’, yag’ni’y bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’n’ pa’nlerge bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ja’nede artti’ri’w, ka’siplik bilim ha’m qo’nlikpelerin payda yetiw boyi’nsha ha’mde bilim ha’tiyjeliligin ta’minlewshi to’mendegi metodikali’q usi’ni’slardi’ a’meliyatqa yengiziw maqsetke muwapi’q:

-bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ni’n’ xabar ma’deniyati’n wo’zlestiriwde xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalari’ imkaniyatlari’nan na’tiyjeli paydalani’w;

-tu’rli pa’n ha’m kompyuter do’gerekleri, internet tarmag’i’nda bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’ ka’siplik si’patlari’n wo’zlestiriwge ayri’qsha itibar beriw;

-bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lardi’n’ xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalari’ boyi’nsha wo’z betinshe jumi’slari’n sho’lkemlestiriwinen si’patli’ paydalani’w;

-tiyisli woqi’w pa’nlerin u’yreniwde predmetler arali’q baylani’sti’ ta’miyinlew;

-bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lardi’n’ ka’siplik a’meliy jumi’s islewin jetilistiriw;

-zamanago’y pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’w, innovatsion ta’limdi jolg’a qoyiw h.t.b.

Juwmaqlap aytqanda, bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lardi’n’ xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalari’ boyi’nsha tayarli’g’i’n artti’ri’w sistemasi’n jarati’w ha’m woni’n’ natiyjeliligin asi’ri’wdi’n’ pedagogikali’q – psixologiyali’q principleri, sha’rt – sharayatlari’ to’mendegilerden ibarat:

-bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’n’ zamanago’y xabar – kommunikaciya boyi’nsha tayarli’g’in’ artti’ri’w sistemasi’ modelin islep shi’g’i’w ha’m woni’ a’meliyatqa yengiziw;

-intellektual – xabarlasti’ri’lg’an ta’lim wortali’g’i’n jarati’w;

-bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’n’ xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalari’ boyi’nsha tayarli’g’i’n artti’ri’w processinin’ woqi’w – metodikali’q ta’miynati’n jarati’w;

-bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’n’ xabar – kommunikaciyali’q ma’deniyati’n joqari’lati’w, tiykari’nan, wolarda xabar – kommunikaciyali’q texnologiyalari’nan paydalani’w ko’nlikpelerin ha’m bilimlerin rawajlandi’ri’w boli’p yesaplanadi’.

Zamanago’y axborot kommunikaciya texnologiyalari’ bilimlendiriw diziminin’ barli’q tarawlari’nda tez pa’t penen kirip bari’wi’ na’tiyjesinde woqi’ti’wshi’lardi’n’ ka’siplik xi’zmetinin’ qa’liplesiwine ju’da’ u’lken ta’sir ko’rsetpekte. Sol sebepli axborot kommunkaciya texnologiyalari’ woqi’w bari’si’n sho’lkemlestiriwdin’ tiykarg’i’ texnologiyali’q ha’m metodologiyali’q tiykarlari’ boli’p xi’zmet yetpekte ha’m ju’da’ u’lken itibar qarati’lmaqta. Kompyuterlesken woqi’w bari’si’n’n’ actual mashqalalari’n sheshiwde ko’plegen abzalli’qqa iye, sebebi bilimlendiriw tarawi’nda u’lken itibar qarati’lg’an. Bul ushi’n a’lbette pa’nler boyi’nsha arnawli’ seminarlar, ma’slahatler beriwshi kopyuterlesken sistemani’ a’mellerde wori’nlawdi’ u’yretiwshi ha’m wo’zlestirilgen bilimdi qadag’alawshi’ kompyuterda’ bag’darlamalari’n jarati’w ha’m ha’m kompyuter texnologiyasi’na kiriwshi a’meliy bag’darlama qurallari’nan wo’nimli paydalani’w boyi’nsha metodikali’q islenbelerdin’ jan’a a’wladi’n local ha’m global tarmaqqa mo’lsherlengen woqi’w – metodikali’q materiallardi’ jarati’w a’hmiyetli boli’p yesaplanadi’. Bunday kompyuter arqali’ ta’lim beriw bilim ali’w bari’si’ni’n’ na’tiyjeli boli’wi’na ju’da’ jaqsi’ ta’sit ko’rsetedi ha’m woqi’ti’wshi’li’q si’rlari’n wo’zlestiriwge a’meliy ko’nlikpeler payda yetiwde jaqsi’ rol woynaydi’. Sonday aq woqi’wshi’lardi’n’ sho’lkemlestirilgen konkurslarda, tan’lawlarda, pa’n olimpiadalarda qatnasi’wg’a qi’zi’g’i’wi’n rawajlandi’radi’ ha’m pikirlew,

do’retiwshilik qa’biletin qa’liplestiriw islerin jolg’a qoyadi’ bul bolsa ha’zirgi zamanni’n’ talaplari’ boli’p yesaplanadi’.

Soni da ayti’p wo’tiw wori’nli’ ha’zirgi waqi’tta ayi’ri’m ziyrek woqi’wshi’lari’mi’z bizge woqi’ti’wda jan’ada metodlardi’, usi’llardi’ qollawdi’ alap yetpekte. Zamanago’y woqi’wshi’lardi’n’ arasi’nda ha’zirgi waqi’tta pa’ woqi’wishi’si’ menen ten’dey kompyuterdin’ imkaniyatlari’nan paydalani’w da’rejesi birqansha joqari’ ta’jiriybege iye bolg’anlari’ ushi’rasadi’. Soni’n’ ushi’nda bilimlendiriw sistemasi’nda ha’r dayi’m woqi’ti’wshi’ tiykarg’i’ roldi atqaradi’ sol sebepli zamanagoy woqi’ti’wshi’ wo’zinin’ u’stinde ti’nbastan u’ziliksiz u’rde islewi za’ru’r boli’p pa’nnin’ metodologiyasi’n, koncepsiyasi’n toli’q wo’zlestirgn woqi’wshi’larg’a pa’nnin’ shoqqi’lari’n iyelewi ushi’n duri’s jol ko’rsete biliwi, jolbasshi’li’q yetip biliwi da’rkar. Biraq yendilikte axborotlasqan ja’miyet sharayi’ti’nda bilim ali’w worayi’nda shaxs si’pati’nda woqi’wshi’ turi’wi’ kerek. Sonda woqi’wshi’ woqi’ti’wshi’ ta’repinen berilgen bilimdi belsene ali’wshi’ si’pati’nda boladi’. Sol sebepli joqari’ woqi’w wori’nlari’nda pa’nlerdi woqi’ti’wda woni’n’ qurami’n, strukturasi’n, mazmuni’n jan’asha motivaciya yetiw a’hmiyetli ma’sele yesaplanadi’, ayni’qsa qa’nigelik pa’nler boyi’nsha.

Jan’a axborot texnologiyalari’ni’n’ a’hmiyetli ta’replerinen biri sonnan ibarat paydalani’wshi’ tarmaqtag’i’ (local tarmaqtag’i’, korparativ ha’m internet tarmaqtag’i’ ) axborotlar dereklerin tan’law wonnan paydalani’wdi’n’ ju’da’ u’lken imkaniyatlari’n usi’ni’s yetiledi. Bnda atap wo’tetug’i’n bolsaq Respublikami’zda ha’m wonnan ti’sqari’da jaylasqan joqari’ woqi’w wori’nlari’nda ha’m ilimiy izertlew woraylari’nda jaylasqan axborot woraylari’nda paydalani’w mu’mkin. Tiykari’nan bul internetten paydalani’w – respublikami’zdi’n’ joqari’ woqi’w wori’nlari’ni’n’ bolajaq woqi’ti’wshi’lardi’n’ forum arqali’ mu’na’sebette boli’wi’, ayni’qsa a’meliy da’stu’rler boyi’nsha olimpiada bag’darlamalari’n sheshiwde online tipindegi sytlardan paydalani’w, da’stu’rler boyi’nsha woqi’wshi’lardi’ tayarlawda juda’ u’lken payda bermekte.

Jan’a kompyuterlesken axborot texnologiyalari’nan paydalani’w na’tiyjesinde woqi’w bari’si’ individuallasadi’, barli’q pa’nlerdi wo’zlestiriwde woqi’wshilarda jan’a motivler payda boladi’, bilimlerdi bahalawdi’n’ ob’ektivligi artadi’, statistikali’q mag’li'wmatlardi’ ji’ynaw jen’illesedi, woqi’wshi’larda bilimlerdi wo’zlestiriwdin’ ayi’ri’m wo’zlestiriw ta’repleri (jaqsi’, to’men) ani’q ko’rinedi, woqi’wshi’ sabaq strukurasi’n wo’zgerttiriw imkaniyati’ (woqi’wshi’lardi’n’ da’stlepki tayarli’q da’rejesine mos ra’wishte) bpayda boladi’, woqi’w bari’si’ni’n’ differenciallawg’a imkan jarati’ladi’, temani’, pa’ndi wo’zlestiriw da’rejesin asi’radi, wog’an bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ artti’radi’. Woqi’w bari’si’nda kompyuter texnologiyalardan paydalani’w woqi’wshi’ni’ texnikali’q ha’m texnologiyali’q ta’repten qollap quwatlaydi’, woqi’wshi’ menen janli’ mu’na’sebette boli’wi’ ushi’n bir qansha waqi’tt’ tejewge yerisiledi, na’tiyjede woqi’wshi’lar menen bolatug’i’n mu’na’sebet insani’yli’q ha’m individual ta’rizde wo’z ara jaqi’n mu’na’sebette, ustaz – sha’kirt ko’rinisinde pa

Pedagogti’n’ na’tiyjeli xi’zmet ko’rsetiwinde ja’ne bir ju’da’ quramali’ ma’sele ta’sir yetedi, yag’ni’y pedagog basqa sharayi’tlarda ‘Pikirlew arqali’ jol ko’rsetiwshi”, “bilimler du’nyasi’ni’n’ da’rgayi’si’”, ulli’ insan ha’m biyg’a’rez ma’sla’ha’tshilik rolin wo’zinde saqlap qali’wi’ za’ru’r. Soni’n’ ushi’nda pedagog to'mendegi faktler menen kelisiwge ma’jbu’r: woqi’wshi’lar axborot kommunikaciya qurallari’ni’n’ imkaniyatlari’nan paydalang’an halda tek g’ana sabaq bari’si’nda berilgen wazi’ypalardi’ yemes, ba’lkim wonnan da ko’p axborotlardi’ wo’zlestirip ali’wlari’ mu’mkin, ha’tteki woqi’wshi’ni’n’ alg’an ayi’ri’m da boyi’nsha woqi’ti’wshi’ woylamag’an tu’sinik boli’wi’ mu’mkin. Bul jan’a zamanaabaqlago’y pedagogikada normal , ta’biyiy jag’day boli’p kompyuterlestiriw ha’m woqi’ti’wdi’n’ jan’a qi’rlari’n xarakterlewshi paradigmalardi’n’ tikkeley na’tiyjesi boli’p yesaplanadi’. Bunday sharayi’tlarda pedagogtan pa’ndi absolyut “ha’r ta’repleme biliw” talap yetilmeydi kerisinshe waqi’yalardi’n’ i sanali’ ra’wishte tu’sinip biliwi, wolardi’n’ ilimiy ha’m turmi’s qi’ymati’n bahalap biliwi za’ru’r. Solay yetip sabaqlarda compyuter texnologiyalari’nan paydalani’w pa’nlerdi woqi’ti’wda wo’zlestiriwdi an’lap

jetiwdin’ jan’a qi’rralari’n ashi’p beredi ha’m woqi’wshi’larda sabaq bari’si’nda shi’ni’g’i’wlardi’ ali’p bari’wda jan’a si’pat da’rejelerine yerisiwge ja’rdem beredi.

Sol sebepli bilimlendiriw sistemasi’nda bilim ali’w si’pati’n ko’teriwge qarati’lg’an ha’m mashqalalardi’ na’tiyjeli sheshiw maqsetinde bunday ilimiy metodikali’q jumi’slar dawam yetpekte , bul boyi’nsha seminarlar ham krujoklar xi’zmet ko’rsetpekte. Bular:

- kompyuterdin’ a’meliy da’stu’riy paketlerinen woqi’w bari’si’nda paydalani’w;
- joqari’ zamanago’y bag’darlamalaw tilleri ha’m a’meliy bag’darlamalaw;
- internet texnologiyasi’;
- woqi’w wor’nlari’ni’n’ avtomatlasti’ri’lg’an axborot sistemasi’n jarati’w.

Qa’nige woqi’ti’wshi’lardi’n’ a’melge asi’ri’p ati’rg’an islerinen ruxlani’p soni’ ayti’p wotiwimiz wori’nli’ ha’zirgi waqi’tta woqi’ti’wshi’lar sabaqti’ wo’tiwde derlik barli’g’i’ ha’r bir sabaqta kompyuterden paydalani’p wo’tpekte. Soni’n’ ushi’nda jas woqi’ti’wshi’lari’mi’z ha’zirgi waqi’tta ko’p jetiskenliklerge yerispekte. Bilimlendiriwde paydalanatug’in zamanago’y informaciyali’q kommunikaciyali’q texnologiyalar informaiyali’li’q resurslardan avtomatlasqan woqi’w kurslari’nan, woqi’ti’w sistemalari’nan, mag’li’wmatlar bazalari’nan, ha’r qi’yli’ sorawnamalar ha’mde informaciyani’ izlep tabi’w sistemalari’nan electron kitapxanalari’nan paydalani’w imkaniyati’n jaratadi’.

Kompyuterli r sonda pedatemalawoqi’ti’w sistemalar sonda pedagogiikali’q a’hmiyetke iye ha’mde effektiv boladi’, yegerde wolar woqi’wshi’larg’a bilim beriwd procesinde baylani’s jasaw arqali’ jeke tu’rde wo’zlestiriw da’rejesin ani’qlasa ha’mde soni’n’ tiykari’nda tapsi’ma variantlari’n generaciya yetse, soraw – juwaplar bankine iye bolsa, woqi’ti’w sistemasi’ni’n’ wo’zinde ja’rdem beriw xi’zmeti bolsa. Kompyuterde woqi’ti’w ha’mde bilimlerdi bahalaw sistemalari’n woqi’wshi’lar ta’repinen jumi’sti’ qolayli’ waqi’tta wori’nlawi’ kerek bolsa toqtati’p keyin ala dawam yetiwi mu’mkinligin beriwi kerek. Soni’n’ menen birge materialdi’ usi’ni’wda bilim ali’wshi’lardi’n’ ha’r qi’yli’ tipleri, wolardi’n’ wo’zgesheliklerin yesapqa ali’p jarati’lg’an didaktikali’q qurallardan paydalani’lsa.

Mi’sali’, ayi’ri’m woqi’wshi’lar informaciyani’ yesitip tursa, jaqsi’ qabi’llaydi’, basqalari’ materialdi’ jaqsi’ wo’zlestiriwi ushi’n woni’ ko’rip qabi’llawi’ qabi’llawi’ kerek, ja’ne birewleri a’meliyatta qollani’p ko’rmese, bul materialdi’ u’yrene almaydi’. Sol sebepli yen’ jaqsi’ na’tiyje beretug’i’n pedagogikali’q didaktikali’q qural – bul barli’q tiptegi woqi’wshi’larg’a qarati’lg’an ha’mde woqi’ti’wdi’n’ effektin ku’sheytetug’i’n audio – video – kinestetikali’q pedagogikali’q didaktikali’q qural boli’p tabi’ladi’. Kompyuterden paydalani’p woqi’ti’w bunday qurallar jarati’wg’a ha’m ken’nen paydalani’wg’a mumkinshilik beredi. Woqi’w processinde ken’nen paydalanatug’I’n Power Point programmasi’ materialdi’ o’rgizbeli tu’rde usi’ni’w, ob’ektlerdi ha’reketlendiriw, sesli effektlerdi qosi’w, materialdi’”so’ylep beriw” imkaniyati’na iye boladi’. Materialdi’ ani’q, tu’sinikli, qi’zi’g’arli’ ha’m ta’sirli boli’wi’n joqari’ sapadag’i’ u’sh wo’lshemli grafikali’q ob’ektler ha’mde Flash – animaciyalarla menen ta’miyinleniwi mu’mkin. Bunday ob’ektler Mcromedia Flash, 3D Max programmalar’ ja’rdeminde do’retiledi ha’mde virtual laboratoriyalar, video – rolikler, demonstraciya stendlerinde qollani’ladi’. Kompyuterde jarati’lg’an pedagogikali’q didaktikali’q qural wo’zinin’ ko’rgizbeliligi, mobilligi, qollani’wg’a qolayli’li’g’i’ menen aji’rali’p turadi’. Da’stu’riy bilim beriw sistemasi’nda bilim beriw deregi si’pati’nda woqi’ti’wshi’ ha’m sabaqli’q yesaplang’an bolsa, bilim beriwde jan'asha woqi’ti’w bilim beriwde woqi’ti’wshi’ tiykari’nana’ha woqi’wshi’ni’n’ wo’z betinshe bilim ali’wda isenimli ma’sla‘hatshisi ha’m ja’rdemshisi si’pati’nda maydang’a shi’g’adi’. Woqi’ti’wshi’ wo’zinin’ sheberligin, bilimin woqi’wshi’lardi’n’ xi’zmetin talqi’lawg’a ha’m a’meliyatta wonnan duri’s paydalani’wi’na ja’rdem beredi. Bul woqi’ti’wshi’ni’n’ sheberligine baylani’sli’boladi’.

Juwmaqlap aytqanda Respublika ko’leminde informaciiyali’q – kommunikaciyali’q texnologiyalardi’ qollani’w ken’ yen jayi’lmaqta. Na’tiyji'jede informacion texologiyalardi’ bilim beriw processinde qollai’wi’ bul texnologiyalar woqi’w processinin’ si’pati’n asi’ri’wi’ sabaqta kompyuterden paydalani’p sabaq wo’tiwdin’ na’tiyjesinen derek beredi.

## 1.2. MUZI’KA TA’LIMINDE KOMPYUTERDEN PAYDALANI’W IMKANIYATLARI’

O’zbekistan Respublikasi’ Ministrler Kabinetinin’ 2012 ji’l 7 marttag’i’ 34 –sanli’ bayanati’ menen tasti’yi’qlang’an “Jaslardi’n’ huquqi’ ha’m manpaaatleri’n qorg’aw ushi’n umti’li’wlari’n qollap – quwatlaw, wolardi’ ma’nawiy ha’m fizikali’q kamal tapti’ri’wg’a qarati’lg’an is ila’jlar” boyi’nsha Respublikami’zda bilimlendiriw tarawi’nda tiyisli bilimlerdi woqi’w bari’si’na yengiziw boyi’nsha ko’plegen jumi’slar a’melge asi’ri’lmaqta. Bunda O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ 2012 – ji’l 21 – marttag’i’ “Zamanago’y axborot – kommunikaciya texnologiyalari’n ja’nede yengiziw ha’m rawajlandi’ri’w is ila’jlari’ haqqi’nda” g’i’ PQ -1730 – sanli’ qarari’ tiykari’nda bilimlendiriw ja’ma’a'tin kompyuter sawatxanli’g’i’n ha’m shet tillerin biliw da’rejesin asi’ri’w boyi’nsha sha’rtnama tiykari’nda woqi’w kurslari’ sho’lkemlestirilgen.

Bu’gingi ku’nde axborot ha’m kompyuter texnologiyalari’ so’zleri ku’ndelik turmi’si’mi’zda yen’ ko’p qollani’latug’i’n tu’sinikler desek qa’telespeymiz. Sebebi turmi’si’mi’zdi’n’ qaysi’ tarawi’n almayi’q qanday a’mellerdi wori’nlamayi’q a’lbette axborot texnologiyalari’ menen islep wori’nlaymi’z. Jan’a axborotlardan paydalani’w, axborot almasi’w, wolardi’ uzati’w insane xi’zmetinin’ tiykarg’i’ negizin quraydi’. Ha’zirgi waqi’tta joqari’ bilimlendiriw sistemasi’nda axborot texnologiyalari’, sabaqti’ kompyuterde wo’tiw ha’m bag’darlaw, ilimiy – izertlew na’tiyjelerin modellestiriwdi ken’ qollani’li’p kelinbekte. Bular haqqi’nda “Kardlardi’ tayarlaw Milliy bag’darlama” si’nda bilimlendiriwdin’ muzi’ka bag’dari’ bo’liminde ko’rsetilip wo’tilgen. Bunda ja’ne talabalardi’n’ muzi’ka haqqi’ndag’i’ tu’siniklerin bayi’ti’w, wolarda yerkin pikirler sezimlerin qarar tapti’ri’w, kompyuter texnologiyalari’n teren’ ha’m ku’shli wo’zlestiriwi, ali’ng’an teoriyali’q ha’m a’meliy bilimlerdi turmi’sqa yengiziwdi a’melge asi’ri’wg’a qaerati’lg’anli’g’i’ menen belgilenedi.

Ha’zirgi zamanago’y pedagogqa qoyi’latug’i’n talaplardan biri – kompyuter sawatxanli’g’i’na iye boli’wdi’, electron sabaqli’qlar, woqi’w –

metodikali’q komleksler, prezentaciyalar jarati’w ha’m bag’darlamalardan paydalani’p sabaq wo’tiwde na’tiyjeli paydalani’wdi’ biliwleri kerek. Bul boyi’nsha a’lbette A’jiniyaz ati’ndag’i’ No’kis ma’mleketlik pedagogikali’q instituti’ pedagogika fakul’teti muzi’kali’q ta’lim kaferdasi’ pedagog xi’zmetkerleri ta’repinen sabaqlardi’ sho’lkemlestiriwde woqi’ti’w ha’m woni’ didaktikali’q materiallardi’ tayarlaw boyi’nsha ko’plegen jumi’slar a’melge asi’ri’lmaqta. Muzi’ka bag’dari’nda woqi’ti’latug’i’n ha’r bir pa’nler boyi’nsha woqi’w – metodikali’q komleksler, prezentaciyalar ha’m basqa da materiallardi’ jarati’w jumi’slari’ na’tiyjeli tu’rde jetilistirilmekte.

Pa’n boyi’nsha tayarlang’an pedagogikali’q bag’darlama qurali’ pedagoglarg’a sabaqti’ na’tiyjeli sho’lkemlestuiriw woqi’wshi’lardi’ woqi’ti’wdi’ jaqsi’law ha’m wolarg’a wo’tilip ati’rg’an pa’nge bolg’an qi’zi’g’I’wdi’ woyati’w, temalardi’ ja’nede an’sat tu’sinikleri ushi’n teoriyali’q ha’mde a’meliy metodikali’q ja’rdem beriwge xi’zmet yetedi.

Mashina ko’p na’rseni wori’nlay aladi sonli’qtan muzi’kali’q do’retiwshilikti talqi’lawg’a ja’rdem beriwshi wo’zine ta’n wo’z aldi’na a’sbap yesaplanadi’. Wol tabiyatti’n’ ha’r tu’rli seslerin talqi’lap belgili bir toparlarg’a bo’liwge ja’rdem beredi. Bunnan ti’sqari’ kompyuter bir i’rg’aqtan yekinshi i’rg’aqqa wo’tiwshi nota tekstin ko’shiriwdey qi’yi’n jumi’sti’da wori’nlay aladi’. Muzi’kali’q atqari’wdi’ uqsati’p (mashina modeli menen) atqari’w imkaniyati’ payda boldi’. Wol muzi’kashi’lardi’ uli’wmali’q ha’m wo’zine ta’n wo’zgesheliklerin aji’rati’p ali’wg’a wolardi’n’ atqari’w usi’li’n talqi’lap ani’qlawg’a ja’rdem beredi. Keyingi waqi’tlari’ kompyuter bag’darlamalari’n a’melge asi’ri’li’wi’ muzi’ka do’retiwshileri mashina imkaniyatlarg’a basqa ko’z qarastan qarawg’a majbu’r yetdi. Sebebi mashina seslerin jan’a usi’l menen islep shi’g’aradi’ ha’m sesler jiyindi’si’n basqaradi’, akustikali’q bosli’qtan paydalani’wg’a ha’m woni’ qadag’alawg’a imkan jaratadi’.

Muzi’ka do’retiwshileri pikirinshe jan’a bag’darlamalar ha’m seslerdi sintezlewshi jan’a texnika muzi’kani’ ilim menen jaqi’nlasti’radi’, usi' sebepli ilimiy yesaplang’an xi’zmetin ha’zirgi ku’nde electron muzi’ka shen’berinde wo’z

imkaniyatlari’n si’nap ati’rg’an muzi’ka do’retiwshiler a’melge asi’ri’li’p ati’r. Sol sebepli muzi’kali’q do’retiwshiliktegi bir tegis – qubi’li’slar tabiyati’n ani’qlawg’a imkn jarati’ldi’, yag’ni’y analitikali’q h’m sintetikali’q baslni’wlardi’ Sali’sti’ri’w muzi’kadag’i’ gipotetikali’q kelip shi’g’i’wdi ta’riyplew: muzi’ka do’retiwshilerdin’ qaysi’ biri analitikali’q yamasa sintetikali’q tarti’li’wdi’n’ ani’qlawshi’ minezlemelerdin’ boli’wi’ usi’lardan ibarat boladi’.

Zamanago’y kompyuterler bul muzi’kali’q shi’g’armalardi’ tu’rlerge aji’rata alsa ha’m mashina jan’a ses du’zilmelerin jarata alsa muzi’ka do’retiwshi yamasa atqari’wshi’ rolin wori’nlasa da wonda bir wo’zgeshelik yen’ tiykarg’i’ yesaplang’an wo’zgesheligi yag’ni’y do’retiwshilikke ixtiyaj joq yesaplanadi’. Mashina ju’zlep ha’m mi’n’lap muzi’kalardi’ jarati’w mu’mkin biraq wol bizge ko’terin’kilik penen “Bul men jazg’an yen’ jaqsi’ shi’g’arma!”- dep ayta almaydi’.

Ha’zirgi zaman muzi’ka do’retiwshilerinin’ ayti’p wo’tilgen imkaniyatlari’n inabatqa alg’an halda biz bir neshe a’meliy bag’darlamalar komleksini jaratti’q. Bul bag’dag’darlamalar baslawi’sh klaslarda muzi’ka ti’n’lawdi’ optimal imkaniyatlari‘n beredi. Bul haqqi’nda biz izertlewimizdin’ keyingi bo’limlerinde bularg’a toqtali’p wo’temiz. Uli’wmali’q kompyuter sawatxanli’g’i’ – bul bizin’ siyasati’mi’zdi’ ekonomikami’zdi’ ha’m xali’q bilimlendiriwinde yen’ quramali’ ha’m actual mashqalalardan biri boli’p yesaplanadi’.

Ha’zirgi ku’nge shekem za’ru’r bolg’an normativ hu’jjetler joq, bir maqset bag’dari’nda rejelestiriw a’melge asi’ri’li’p ati’ri’pti’. A’meliy infarmatika ju’da’ ju’da’ joqari’ da’rejede dep ayta almaymi’z. A’dettegidey mektepte EYEM i’n qollani’li’wi’n pedagogikali’q – psixologiyali’q mashqalasi’ kerekli da’rejede ko’rilip shi’g’i’lmaqta. Kompyuter tek g’ana texnikali’q rawajlani’wda, ba’lkim shaxsti’ rwajlandi’ri’w ha’m ta’rbiyalawda katalizator bola aladi’. Mektep partasi’nda turg’an, kompyuter – turmi’sti’ sociyallasti’ri’w, ma’deniyati’mi’zdi’n’ tez wo’siwinin’ tiykarg’i’ sha’rti boli’p yesaplanadi’. Biz tek g’ana woni’n’ barli’q imkaniyatlari’n ju’zege shi’g’ari’wg’a ja’rdem beriwimiz kerek.

Bilimlendiriwge do'retiwshilik, izleniwshilik penen kirisiw, psixologiyali'q – pedagogikali'q izertlewlerdi keleshekke bag'darlap ani'qlap beredi, bul bag'darlar u'ziliksiz bilimlendiriw sistemasi'na qarati'lg'an boli'p, woqi'w ta'rbiyali'q jumi'slari'ni'n' jan'a mazmuni'n ha'm iformacion texnologiyalardi' jarati'wg'a ha'm psixologiyali'q ta'miyinlewge qarati'lg'an. Bul izertlewlerdin' bag'darlamalari' woqi'w xi'zmeti quri'lmasi'n qadag'alaw – a'meliy tiykari'nda islep shi'g'i'lmag'an wo'z ishine ali'wi' za'ru'r, bunnan ti'sqari' bag'darlamalar kompyuterlerdi qollaw tiykari'nda jarati'lg'an woqi'w pa'nlerin wo'z ishine aladi'. Woqi'wshi'lardi'n' jasi'na qarap kompyuterdi qollani'w wo'zgeshelikler arnawli' talqi'lawdi' wo'tkeriw za'ru'r.

Ha'zirgi ku'nde balalardi' 2-3 jastan baslap informatikag'a u'yretiw mu'mkinligi da'lillep berildi. Yag'ni'y bul jasta balada ha'r tu'rli operaciyalar wo'tkeriw operaciyasi' qa'liplesedi. Sonday – aq 6-12 jastag'i' balalarg'a bilim beriw bari'si'nda kompyuter balani'n' belsendiligi ha'm do'retiwshilik imkaniyatlari'n shegeralanbag'an ta'gdirde paydalani'w usi'ni's yetiledi. Bul woqi'w bari'si'n woni'n' woyi'n xi'zmetine tayani'p u'lkenlerdin' ha'm balalardi'n' topar boli'p islew bari'si'n rawajlandi'radi'. Mektep woqi'wshi'si'n ha'r tu'rli basqi'shlarda kompyuterdi qollaw sharayi'ti'nda woqi'wshi'lardi'n' rawajlani'wi' ha'm bilim ali'w usi'li' izertlewlerdin' tiykarg'i' bag'dari' boli'p qaladi'.

Kishi mektep jasi'. Basqa tiykarg'i' ma'deniy – texnikali'q ko'nlikpelerdi rawajlandi'ri'w menen bir qatarda a'piwayi' kompyuter sawatxanli'g'i' yag'ni'y mashina menen islew ha'm a'meliy ko'nlikpelerdi rawajlandi'ri'w kiredi. Bul ko'nlikpeler balag'a klaviatura belgilerin u'yretiw, kompyuterde payda bolg'an elementlerge ani'q ta'sir yetiw imkani'n beredi. Wo'z ha'reketlerin bag'darlawda qarag'anda yerkinlikte iye boli'wi' baladan quramali' rejelestiriwlerdi ha'm uzi'n izbe – izliklerdi yeslep qali'wdi' talap qi'lmawi' kerek.

Usi'ni'n' menen birge bala ha'reketi wo'z ishine konkret a'meliy ha'reketlerdi de ali'wi' kerek. Bul jasqa usi'ni's yetiletug'i'n kompyuter bag'darlamalari'ni'n' mazmuni' differenciyalang'an mektep pa'nlerine

baylani’sti’ri’w usi’ni’s yetilmeydi. Wol entigiral wo’zgeshelikke iye boli’p balag’a, wazi’ypalarg’a sheshiw bari’si’n ta’miyinlep beriw kerek. Bul jastag’i’ bala ushi’n, woqi’w bari’si’n woyi’n formasi’nda sho’lkemlestiw u’lken a’hmiyetke iye boladi’. Bul xi’zmet woqi’ti’wshi’ ha’m woqi’wshi’ni’, woqi’wshi’lardi’n’ wo’zlerin ha’reketlerine ani’qli’q kiritip kompyuter tarmaqlari’n ken’ qollaw tiykari’nda du’ziledi.

Worta mektep jasi’. Bug’an “mektep” ilimiy pa’nlerin u’lkenler ha’m ten’lesler ja’rdeminde tariyiplep ha’m jan’a bilimlerge iye boli’w kiredi. Bul jasta kompyuter tek g’ana a’nigelestirilgen pa’n (“informatika ha’m yesaplaw texnikasi’’) si’pati’nda, ba’lkim tekstlerdi redaktorlawshi’, labaratoriya ta’jiriybelerin wo’tkeriwshi, a’meliyat ha’m proektlerdi islep shig’i’wshi’ yari’m funkcional a’sbap si’pati’na qollan’ladi’. Bul basqi’shta woqi’wshi’lar kompyuterdi mag’li’wmat deregi, yesaplawshi’, so’z redaktori’, modellestiriw qurali’ si’pati’nda qabi’l yetiledi.

Bag’darlamalawg’a u’yreniw, professional da’rejede ko’nlikpelerdin’ qa’liplesiwi yemes, ba’lkim belgili bir bilimler shen’berinin’ mazmun – ma’nisi tiykari’nda talqi’law yetiw (algaritmlew) tiykari’nda sho’lkemlestiriledi. Wo’z na’wbetinde bul balalarda ko’z aldi’na yelesletiw rejelestiriw, talqi’law, reflekciya si’yaqli’ wo’z betinshe bilim ali’w ha’m wo’z betinshe xi’zmet ko’rsetiwge ja’rdem beredi.

Joqari’ mektep jasi’. Insandi’ professional xi’zmeti menen ken’ – ko’lemde tani’si’w ha’m kompyuter ja’rdeminde sali’sti’rmali’ modellesti’ri’wg’e iye bolg’an woqi’shi’lar insane xi’zmetin ja’ma’a’tke ha’m islep shi’g’ari’wg’a baylani’sli’ a’hmiyetlirek, yag’ni’y ekologiyali’q ha’m demografiyali’q modellestiriwdi, kadrlardi’ ekspluataciya yetiwdi islep shig’i’wdi’, konkret mashqalalardi’ matematikali’q modellestiriwdi wo’tkeriw ha’m wolarg’a sheshim tabi’wdi’ usi’ni’s yetiw, ha’kimiyat organlari’na saylaw bari’si’n modellestiriw, wo’zinin’ siyasi’y ha’m huquqi’y sanasi’n sin’diriw siyaqli’ xi’zmetlerdi basqari’wdi’ u’yreniwleri za’ru’r.

“Balalardi’rawajlandi’ri’wda ha’m bilimlendiriw” ali’wi’nda aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’n’ mashqalasi’ boyi’nsha wo’tkeriletug’i’n izertlewler boyi’nsha to’mendegilerdi islep shi’g’i’w ko’zde tuti’ladi’:

- balalar rawajlani’wi’nda ha’m bilim ali’wi’nda kompyuter texnologiyalardi’ du’ziliw principleri ha’m wolardi’ psixologiyali’q – pedagogikali’q tiykarlari’;

- taza, pa’nge baylani’sli’ rawajlandi’ri’wshi’ woqi’w sha’rtleri ha’m kompyuter qurallari’n qollawg’a qarati’lg’an taza woqi’w pa’nlerinin’ u’lgileri;

- baslawi’sh worta ha’m joqari’ mektep woqi’wshi’lari’n birgelikte ha’m individual xi’zmetlerin kompyuter medelleri;

- ha’r tu’rli jastag’i’ balalardi’ uli’wmali’q ha’m arnawli’ qa’biletlerinin’ qa’liplesiwi ushi’n ayni’qsa kishi jastag’i’ mektep balalari’ (6-10 jas) ushi’n rawajlandi’ri’wshi’ kompyuter woyi’nlari’.

- mektep woqi’wshi’lari’n biliw bari’si’ ha’m shaxsti’n’ rawajlani’wi’na bilimlendiriwdi aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalardi’ ta’sir yetiwdi ha’m kompyuter diagnostikasi’ metodikasi’n qadag’alaw ;

- pedagogikali’q bag’darlama qurallari’n islep shi’g’i’wshi’lar ushi’n usi’ni’slar;

- aldi’n’g’i’ bilimlendiriw texnologiyalari’n yengiziw boyi’nsha woqi’ti’wshi’ a’meliy usi’ni’slar;

- balalardi’n’ rawajlani’wi’, woqi’w xi’zmetlerin kompyuterde du’zetiwdi qollaw ha’m kompyuter diagnostikasi’ boyi’nsha mektep psixologlari’ ha’m psixologiyali’q xi’zmet ko’rsetiw xi’zmetkerlerine usi’ni’slar. Sol sebepli ko’rsetilgen mashqalag’a baylani’sli’ wo’tkizilgen izertlewlerdin’ tiykarg’i’ a’tiyjesi boli’p psixologiyali’q tiykarlang’an bilimlendiriw texnologiyasi’ boladi’. Bul bilimlendiriw texnologiyasi’ pa’nlerdi woqi’ti’wda kompyuterlerdi qollawdi’ ha’m kompyuter modelleri mi’sali’nda woqi’wshi’lardi’ birgelikte ha’m individual sho’lkemlestirilgen woqi’w xi’zmetin wo’z ishine aladi’.

Juwmaqlap aytqanda muzi’ka sabag’i’nda kompyuter texnologiyalari’nan paydalani’p pa’ndi woqi’ti’wda joqari’ si’pat da’rejeleri na’tiyjelerine yerisiwge ja’rdem beredi.

## 2.BAP. 2.1. PEDAGOGI’KALI’Q TEXNOLOGI’YA HA’M TEXNI’KA JETI’SKENLI’KLERI’N MUZI’KA SABAG’I’N WOQI’TI’W BARI’SI’NDA PAYDALANI’W

Ja’miyetimizdin’ rawajlani’w bari’si’ndag’i’ ha’zirgi etapta, ha’r ta’repleme rawajlang’an ma’deniyatli’ insandi’ ta’rbiyalawda – mekteptin’ atqaratug’i’n roli arti’p barmaqta. “Muzi’ka” sabag’i’ – mektep jasi’ndag’i’ balalardi’ ta’rbiyalawdag’i’ yen’ ku’shli faktor boli’p sanaladi’. “Muzi’ka” sabag’i’nda woqi’wshi’ni’n’ tek g’ana estetikali’q sanasi’ rawajlani’p qomastan, al woni’n’ ideyali’q ha’m a’dep – ikramli’li’q printsiplerine, aqi’l – sanasi’ ha’m emotsional’ ma’deniyati’ rawajlanadi’. Muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ pedagogikali’q texnologiyadan, ha’r turli ta’lim – ta’rbiya metodlari’n ha’m bul tarawdag’i’ ji’ynalg’an aldi’n’g’i’ qatardag’i’ ta’jiribelerdi paydalana woti’ri’p, sabaq bari’si’n qi’zi’qli’ ha’m mazmunli’ yetip ali’p bari’wi’ tiyis. Mektepte arnawli’ muzi’ka kabineti boli’p wol texnikali’q jaqsi’ ta’miynlengen boli’wi’, ha’r turli stendler diywallarg’a qi’sti’ri’li’p qi’zi’qli’ materiallar menen tolti’ri’lg’an boli’wi’ kerek. Soni’n’ menen bir qatarda woqi’ti’wshi’ woqi’w protsessinde texnikali’q jetiskenliklerden audio, videomagnitafonlar, komp’yuter, internet materiallari’nan paydalana ali’wi’ kerek. Audio ha’m video texnikalar ja’rdeminde sabaq bari’si’nda yamasa klasstan ti’s jumi’slarda jaqsi’ muzi’kalardi’, qosi’qlardi’, kontsertlerdi ko’rsetip yesittirip bari’wg’a boladi’. Bul jerde ha’r turli janrda ayi’ri’p ti’n’lati’p, wolardi’ tusindirip tani’sti’ri’p wo’tiwge boladi’. Mi’salg’a jeke saz atqari’wshi’ menen orkestrdin’ ayi’rmashi’li’g’i’n ko’rsetiw, yesittiriw ha’m woni’ awi’z yeki ayti’p bergennen ta’sirli boladi’, yamasa vokal’ janrlari’ndag’i’ qosi’q ha’m romans, operada ayti’latug’i’n ariyalardi’n’ wo’zgesheliklerin tusindirip bergende u’lken ja’rdem beredi. Soni’n’ menen birge audio magnitofong’a woqi’wshi’lardi’n’ wo’zlerine u’yretilgen qosi’qlardi’ aytti’ri’p jazdi’ri’p keyninen ti’n’lati’p, wo’zlerine bahalatsaq, qa’te kemshiliklerin tusinip ha’m woni’ saplasti’ri’wg’a ko’p ja’rdemi tiyedi. Woqi’wshi’lar qosi’q aytqanda bir qansha juwapkershilikli duri’s ha’m jaqsi’ ayti’wg’a umti’ladi’. Al texnika qurallari’ ja’deminde woqi’wshi’larg’a opera, operetta, simfoniya, muzi’kali’

dramalar janrlari’n ko’rsetip ti’n’latsaq wol sabaqta woti’ri’p awi’z yeki ayti’p berilgennen mi’n’ yese abzali’raq, sebebi xali’qmi’zda “Juz ma’rte yesitkennen – bir ma’rte ko’rken abzal” naqi’li’ bar. Soni’n’ menen bir qatar wolardi’ tek yesittirip qoymastan, al mazmuni’n, xarakterin birgelikte talqi’lap ha’m woqi’wshi’lardi’n’ sol shi’g’armadan alg’an ta’sirin ta’riyplep ayti’p bere ali’wi’n u’yretiwimiz kerek. Bunnan da basqa woqi’wshi’larg’a uyinde radio – televizordan ko’rgen, yesitken qosi’qlari’ muzi’kalari’ ha’m kontsertler haqqi’nda sorap bari’w ha’m wolardan alg’an ta’sirlerin pikirleri arqali’ bahalaw qa’biletin bilip bari’w kerek. Buni’n’ ushi’n woqi’wshi’larg’a aldi’n – ala qashan ha’m qaysi’ kanalda kontsert bolatug’i’ni’n ayti’p juberiw kerek. Bul mi’salg’a televizordan berip ati’rg’an klipler, yestrada atqari’wshi’lari’ haqqi’nda, wolardi’n’ janrlari’ haqqi’nda tu’sindirip bari’w kerek ha’m woqi’wshi’lardi’n’ qaysi’ qosi’qlardi’ qaysi’ janrdi’ su’yip ti’n’laytug’i’ni’n da bilip alami’z, sebebi wolarda muzi’kani’ yesittiriw arqali’ yestetikali’q sezimdi rawajlandi’ri’p bari’wi’mi’z wori’nli’ boladi’. Woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’lardi’n’ wo’zlerinin’ unatqan shi’g’armalari’n ti’n’lap, wolardi’ birgelikte talqi’lap, woqi’wshi’lardi’n’ sol shi’g’armani’ unatatug’i’ni’n yamasa unatpaytug’i’nli’g’i’n sorap yerkin pikir jurgizip u’yretilse ko’p jetiskenlikke yerisiledi. Du’n’ya ju’zi ma’deniyati’ menen tani’sti’ri’w bari’si’nda komp’yuter ha’m internetten paydalani’wi’ woqi’ti’wshi’g’a ko’p mag’li’wmatlardi’ toplawg’a ja’rdemin beredi. Sebebi komp’ter arqali’ woqi’ti’wshi’ ko’rgizbe qurallari’n, materiallar tayarlawda sheksiz mu’mkinshikke iye boladi’. Mi’salg’a kompyuterden nota si’zi’qlari’n, notaladi’, giltlerdi, gilt belgilerin uli’wma aytqanda muzi’ka sawati’na baylani’sli’ qa’legen ko’rgizbe qurallari’n tayarlap ali’wg’a boladi’ ha’m saz a’spablari’ni’n’ suwretlerin, si’zi’lmalardi’ shi’g’ari’wg’a muzi’ka stendlerin ha’m muzi’ka du’n’yasi’ haqqi’nda diywali’ gazeta shi’g’ari’p barsa boladi’. Bul woqi’ti’wshi’ni’n’ sabaqqa materiallar tayarlaw bari’si’n bir qansha jen’illetedi. Bunnan basqa internet arqali’ kerekli materiallardi’ ali’wg’a ha’m basqa da du’n’ya muzi’ka ma’deniyati’ndag’i’ jan’ali’qlar menen tani’si’wg’a wo’zlerimizde joq muzi’ka shi’g’armalari’n notalari’n, partituralari’n ha’m de audio yamasa video zapislerin jazi’p ali’wg’a

boladi’. Jazi’p ali’ng’an materiallardi’ woqi’wshi’larg’a tani’sti’ri’p wo’tiw kerek. Woqi’ti’wshi’ni’n’ yen’ basli’ maqseti basqa pedagoglardi’n’ jetiskenliklerinen, ta’jiriybelerin ha’m pikir almasi’w mu’mkinshiliklerinen ken’nen paydalani’w. Bul woqi’ti’wshi’ni’n’ intellektual bayi’p ha’m mag’li’wmatlar ja’rdeminde wo’zinin’ sabaq wo’tiw protsessin na’tiyjeli ali’p bari’wi’na ko’p ja’rdem yetedi. Jan’a texnikali’q jetiskenlikler komp’yuter, internet tarmaqlari’ni’n’ payda boli’wi’ adamlardi’n’ kommunikativlik baylani’si’n ja’ne de bir tekshe joqari’ ko’teredi. Bug’an mi’sal retinde aytatug’i’n bolsaq. Belgili shet yel zamayago’y kompozitori’ni’n’ qanday da bir shi’g’armasi’ kerek bolsa, internet arqali’ bul kompozitorlardi’n’ wo’miri ha’m do’retiwshilik joli’ menen qosa, kerekli shi’g’armalari’mi’zdi’ belgili waqi’t ishinde ali’wi’mi’zg’a boladi’. Muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n’ ha’zirgi zaman texnikalari’nan paydalana ali’wi’ wo’z jumi’si’n na’tiyjeli ali’p bari’li’wi’na ha’m ja’miytemizdin’ qoyg’an talaplari’n wori’nlawda u’lken ja’rdemin beredi. Ha’zirgi waqi’tta texnikani’n’ rawajlani’wi’ menen ilimiy protsess na’tiyjelerin a’melde qollani’wdi’ ta’miyinley woqi’w protsessine de wo’z u’lesin qosi’p ati’r. Usi’g’an sa’kes woqi’wshi’larg’a ta’lim – ta’rbiya, bilim beriw ha’m wolardi’n’ pikirlewin ken’eytiw boyi’nsha jan’a woqi’ti’w usi’llari’n islep shi’g’i’w ha’m a’melde qollani’w maqsetke muwapi’q yekenligi ken’ ja’miyetshilik ta’repinen tasti’yi’qlang’an. Mekteplerde, kolledjlerde ha’tte joqari’ woqi’w wori’nlari’nda da “Muzi’ka” pa’nin u’yretiw basqa pa’nlerge sali’sti’rg’anda bir qansha wo’zgesheliklerge iye. Woqi’wshi’lardi’n’ bilim ali’w na’tiyjeligin artti’ri’w maqsetinde pedagogikali’q usi’llardan paydalani’lmaqta. Solardan lektsiyalar, dokladlar, a’meliy sabaqlar, a’meliy shi’ni’g’i’wlar, mul’timediyalar, testler, do’n’gelek stol, ba’sekelesiwler qollani’li’p, bunda woqi’w materiallari’ teoriya ha’m a’meliy sabaqti’ birge baylani’sti’radi’. “Muzika” pa’nin woqi’ti’wg’a aji’rati’lg’an saat ko’leminde a’meliy sabaqlari’n woqi’ti’wda interaktiv usi’llardi’n’ bir neshe yelementlerinen paydalani’wi’mi’z mu’mkin. Sabaq protsesi tiykari’nan da’stu’riy woqi’ti’w usi’li’nda ju’rgizilgedi. Sabaq bari’si’nda na’tiyjeli paydani’latug’i’n usi’llardi’n’ biri “Aqi’li’y hu’jim”, “Qar boran”, “Do’n’gelek stol”, “Stol u’stinde ruchka”,

“Romashka”, “Qar pa’rshesi”, “Almalar” ha’m t.b. si’yaqli’ metodlar boli’p tabi’ladi’. Woqi’wshi’lar pa’nnin’ roli, maqseti, wazi’ypasi’, a’hmiyeti ha’m woni’n’ ja’miyettegi worni’ boyi’nsha jeke pikirlerin ayti’wg’a mu’mkinshlik aladi’ ha’m wo’z pikirlerin toli’qti’ri’wg’a miyassar boladi’. Woqi’wshi’lar qoyi’lg’an ha’r bir soraw yamasa ma’sele bari’si’nda wo’zlerinin’ jeke pikirin yerkin tu’rde woqi’ti’wshi’ pikiri menen sali’sti’ri’p, soni’n’ menen birge turmi’stan ani’q mi’sallar menen talqi’lap ko’riwine imkaniyat tuwi’ladi’. Song’i’ waqi’tlari’ wo’tiletug’i’n sabaqlardi’ mul’timediyalar ja’rdeminde wo’tiw da’stu’rge aylanbaqta, soni’da ayti’p wotiw kerek bul boyi’nsha da ko’plep mateiallar joqari’da ko’rsetilgen usi’llar ja’rdeminde tayarlanadi’. Bul bir ta’repten ju’da’ qolayli’ bolsa, yekinshi ta’repten bir qansha maqsetke muwapi’q boli’p kelmekte. Bunday pedagogikali’q texnologiyalar sabaq wo’tiwdi jaqsi’ ta’repke qaray wo’zlestirip bari’w menen birge, woqi’wshi’lardi’n’ pa’nge bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’p, wolardi’ yerkin tu’rde pikirlewge ha’m pa’ndi jaqsi’ wo’zlestiriwge ayri’qsha ta’sir ko’rsetedi. Bilimlendiriw ha’r bir ja’miyettin’ aji’ralmas bo’legi, ma’deniyati’ ha’m rawajlani’wdi’n’ tiykarg’i’ ko’rsetkishi boli’p tabi’ladi’. Solay yeken, g’a’resizligimizdin’ da’slepki ku’nlerinen baslap ta’lim – ta’rbiyag’a itibar kusheyip, prezidentimizdin’ “Keleshek bu’ginnen baslanadi’. Ha’zirden tarbiya ma’selisine itibar qarati’lmasa keleshek joq boladi’. Ta’rbiyadan hesh na’rseni ayamaymiz!” degen su’renleri asti’nda bilimlendiriwdi reformalasti’ri’wg’a kirisip, da’slep “Bilimlendiriw ha’qqi’ndag’i’ ni’zam”, ha’m “Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy da’sturi” islep shi’g’i’ldi’. Ka’mil insan ta’rbiyasi’ ma’mleket siyasati’ni’n’ basli’ maqseti dep dag’azalandi’. Prezidentimiz I.A.Karimov “Kadrlar tayarlaw” ma’selesi haqqi’nda to’rtinshi bas bag’darlamasi’nda ayti’p wo’tkenindey “Biz aldi’mi’zg’a qanday ma’sele qoymayi’q, qanday mashqalalardi’ sheshiw za’ru’rligi tuwi’lmasi’n, ga’p yen’ aqi’ri’nda ba’ri bir kadrlarg’a ha’m ja’ne kadrlarg’a bari’p tireledi. Bizin’ keleshegimiz, ma’mleketimizdin’ keleshegi, worni’mi’zg’a kim keliwine baylani’sli’ basqasha aytqanda, qanday kadrlar tayarlawi’mi’zg’a baylani’sli’ desek asi’ra aytqan bolmaymi’z”. Muzi’ka ko’rkem – wo’neri ja’miyettin’ ruwxi’y

ma'deniyati'n qa'liplestiredi, jaslardi'n' ideologiyali'q ha'm ruwxi'yli'q ta'rbiyalani'wi' bag'dari'ni'n' azi'g'i' boli'p xi'zmet yetedi. Muzi'ka ta'rbiyag'a tikkeley ta'sir yetiwshi qural boli'p qoymastan, jaslardi'n' ha'zirgi da'wir progressiyali'q ideyalari'n estetikali'q qabi'l yetiwin teren'lestiredi. Insanni'n' garmoniyali'q rawajlani'wi'nda muzi'ka, ha'r jaqlama ta'sir yetiwshi usi'llari'n payda yetedi. Soni'n' menen birge, wo'sip kiyati'rg'an jas a'wladtti'n' ruwxi'y estetikali'q rawalani'wi'ni'n' jan'a forma ha'm metodlari'ni'n' mexanizmlerin izertlew za'ru'rligi talap yetedi. Pedagoglar woqi'ti'p ati'rg'an woqi'wshi'lardi'n' bilim iyelewine biyparwali'g'i'n, qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'ni'n' to'men da'rejede yekenligin tasti'yi'qlay woti'ri'p, jan'a effektivlik woqi'ti'w formasi'n, usi'li'n, modelin do'retiwge umti'ladi'. Bul ani'qlamadan kelip shi'g'i'p muzi'ka sabag'i'nda aldi'n'g'i' pedagogikali'q texnologiyalar sonday – aq, ha'r qi'yli' interaktiv metodlar ja'rdeminde woqi'wshi'larg'a bilim beriwdi jetilistiriwdi'n' kompleksli algoritmin islep shi'gi'w ma'selesi ha'zirgi da'wir aktualli'g'i'na iye bolmaqta. Ha'zirgi waqi'tta jan'a woqi'ti'w usi'llari'n do'retiw muzi'kali'q ta'lim qa'niygelerinin' basli' maqseti boli'p yesaplanadi'. Bul maqsettin' bag'dari' to'mendegi wazi'ypalar arqali' ani'qlanadi'.

- Ha'zirgi da'wirge shekem muzi'ka ta'liminin' woqi'ti'w formalari'n, usi'llari'n, printsiplerin tallaw;
- Uli'wma bilimlendiriw tarawi'ndag'i' pedagogikali'q texnologiyalari'ni'n' du'zilislerin, mazmuni' jas wo'spirimnin' rawajlani'wi'na ta'sir yetiwshi faktorlari'n izertlep shi'g'i'w;
- Pedagogikali'q texnologiyalari'n muzi'ka pa'ninin' spetsifikasi'na sa'ykes woqi'ti'w jollari'n ani'qlaw;
- Metodlardi'n' wo'zgesheliklerin, optimal usi'llari'ni'n' yengiziw jollari'n ani'qlaw;
- Uli'wma bilim beriw mekteplerinde aldi'ng'i' pedagogkali'q texnologiyalari'ni'n' woqi'wshi'lardi'n' jas da'wirlerine aji'rati'p yag'ni'y baslawi'sh klass ha'm wortan'g'i' klasslarda woqi'ti'w mazmuni'n ani'qlaw;

Balalarda go'zzalli'q tuyg'i'lari'n rawajlandi'ri'w estetikali'q ta'rbiyalaw

Pedagogikani’n’muzi’kali’ – kompyuter xi’zmetine tiyisli bo’limi yele u’yreniliw ha’m mag’li’wmatlar toplaw da’rejesinde. Tiyisli a’debiyatlarda woni’n’ u’stinli ta’repleri tiykari’nan kompyuter – texnikali’q qurallardan bilimlendiriw tarawi’nda qollani’wdi’n’ uli’wmali’q abzalli’qlari’(jeke ta’rtipte woqi’ti’w, bilim ha’m ko’nlikpeler ji’ynaw bari’si’ni’n’ belsendiligi ha’m t.b.) ko’z qarasi’nan so’z ju’ritiledi. Muzi’kani’ kompyuter arqali’ woqi’ti’w boyi’nsha ta’jiriybelerge qarap wolardi’n’ so’zsiz za’ru’rligi ha’m woni’n’ muzi’kali’q – pedagogikali’q qubi’li’stag’i’ almasti’ri’p bolmaytug’i’n roli haqqi’nda pikirler bildiriledi. Uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerdin’ ”Muzi’ka ma’deniyati’” pa’ni to’mendegilerdi yag’ni’y:

- bilimlendiriw sistemasi’nda muzi’ka ma’deniyati’nda ruwxi’y ma’deniyatti’n’ aji’ralmas bo’limi si’pati’nda qa’liplesedi;
- muzi’ka, muzi’kali’ woqi’w, qosi’qshi’ni’n’ dawi’si’, muzi’ka ma’deniyati’, yeslew, keshirmelerdi su’wretley ali’w, do’retiwshilik pikirler;
- muzi’ka ha’m muzi’ka haqqi’ndag’i’ bilimlerdi, woni’n’ intanacion wo’zgesheliklerin, usi’l ha’m janr tu’rlerinin’ ha’r qi’yli’li’g’i’n, fol’klor, klasssikali’q ha’m zamanago’y kompozitorlar miyrasi’ndag’i’ muzi’kali’q so’ylew wo’zgesheliklerin, muzi’kani’n’ insang’a ta’siri ha’m basqa ko’rkem wo’ner tu’rleri menen wo’z ara mu’na’sebetin u’yreniwha’m wo’zlestiriw, ha’r qi’yli’ muzi’ka xi’zmetleri: qosi’q ayti’w, saz atqari’wshi’li’g’i’, muzi’kag’a say ha’reketlerdi improvizaciya yetiw boyi’nsha a’meliy ko’nlikpe ha’m ta’jiriybelerdi, wo’zimizdin’ ha’m wo’zge xali’qlar muzi’ka ko’rkem wo’nerine degen hu’rmet izzet ko’rsetiw a’depliligi sezimlerine ta’rbiyalaw, woqi’wshi’larda muzi’kaliq sezim ha’m joqari’ da’rejedegi muzi’kali’q shi’g’armalar menen mu’na’sebetke i’qti’yajli’q sezimlerinde wolarda atqari’w ha’m ti’n’lawshi’li’q ma’deniyati’nda ta’rbiyalawdi’ na’zerde tutadi’.

Somi’n’ ushi’nda uli’wma bilim beretug’i’n mekteplerdin’ muzi’ka sabaqlari’na kompyuter texnologiyalari’n yengiziw ayri’qsha wo’z aldi’na dodalawg’a i’layi’q boli’p yesaplanadi’. A’piwayi’ mektep klasi’nda kompyuterlerdi, kompyuter klavishlerin fortepiano klavishlerindey jaqsi’

biletug’i’n, kompyuter texnologiyalari’ qurallari’ si’pati’nda klasti’ muzi’kali’q repertuardi’n’ ha’r tu’rli formalari’n qamti’y alatug’i’n pikirlewi jaqsi’ muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n’ bar yekenligi – muzi’ka sabaqlari’n tu’pten wo’zgerttirip jiberedi. Muzi’kali’ kompyuter muzi’ka qorshawi’n do’retiwshilik ta’repten wo’Zlestiriwde sheksiz imkaniyatlar ashi’p beredi. Bul na’rse a’lbette belgili bolg’ani’nday ku’n ta’rtibine muzi’kashi’lardi’ (woqi’ti’wshi’lardi’) zamanago’y dawi’slar ji’yi’ndi’si’n kompyuterde bag’darlawdi’n’ si’rli’ sebeplerin u’yretiw, kompyuter – axborot texnologiyalari’ qa’nigeleri ha’m seslerdin’ dizaynerlerine bolsa muzi’kali’q do’retiwshilik ni’zamlari’ haqqi’nda jeterlishe bilim beriw si’yaqli’ muzi’kali’q bilimlendiriw texnologiyalari’ndag’i’ yeki vektordi’n’ bir – birine qaray ha’reketleniw mashqalasi’ qoyi’lg’an boli’p yesaplanadi’. Muzi’kani’ atqari’wda, nota jazi’wi’nda, a’meliy muzi’ka janri’nda, dawi’slardi’ jazi’w qurallari’nda, dawi’s shi’g’ari’wshi’ qurallari’nda, dawi’s shi’g’ari’wshi’ qurallardi’n’ si’patli’ imkaniyatlari’nda, koncert – teatr xi’zmetinde, dawi’s dizayni’nda ha’m muzi’kani’ uzati’wda (sol sebepli internet arqali’ da) muzi’kali’q kompyuter texnologiyalari’ jan’a evalyucion da’wirin jaratti’. Kompozitorli’q xi’zmetinen ti’sqari’ kompyuter texnologiyalari’n saz a’sbabi’nda atqari’wg’a u’yretiw, muzi’kali’q woqi’wdi’ rawajlandi’ri’w, muzi’kali’q shi’g’armalardi’ ti’n’law, notalardi’ redaktorlawdi’ qollaw mu’mkin boladi’. Kompyuterlerdin’ bag’darlamasinda saz a’sbabi’n diapazoni’n, atqari’wshi’ni’n’ passajlardi’ tez atqari’wi’n, qashi’ri’m ha’m dinamikali’q belgilerdi atqari’w ha’m artikulyaciyani’ diagnozlawda ja’rdem beredi.Ko’plegen pa’nler ushi’n kompyuter enciklopediyali’q ha’m bibliografiyali’q derek boli’p yesaplanadi’. Demek kompyuterden nota jazi’wi’nda nota teriwshi qural si’pati’nda da qollani’ladi’. Muzi’ka sabaqlari’nda informacion texnologiyalardi’ qollaw, balalar belsendiligin ha’m sabaq na’tiyjeliligin asi’radi’.

## 2.2.MUZI'KA SABAG'I'NDA KOMPYUTER ARQALI' WOQI'TI'W TEXNOLOGIYALARI'NAN PAYDALANI'W USI'LI'

Respublikami'z g'a'ressizlikke yeriskennen keyin bilimli qa'nigeler tayarlawg'a u'lken itibar berilmekte. Joqari' bilimli qa'nige kadrlar tayarlaw tuwri'dan – tuwri' woqi'w wori'nlari'ni'n' materialli'q – texnikali'q ha'm informaciyali'q bazasi'n bekkemlew, joqari' si'patli' woqi'w a'debiyatlar, sabaqli'qlar, electron woqi'w qollanbalar ha'm lekciya tekstlerin, electron kitapxanalar jarati'w menen baylani'sli'. Zamanago'y bilimlerge ken' jol ashi'w, bilimlendiriw sistemasi'n yelede jetilistiriwde kompyuter arqali' woqi'ti'w texnologiyalardan wo'nimli paydalani'w ha'zirgi ku'nnin' talabi'na aylandi'.

Ha'zirgi waqi'tta bilimlendiriw tarawi'nda zamanago'y kompyuterde woqi'ti'w texnologiyalari'na tiykarlang'an basqari'wdi'n' xabar sistemalari'n yerkin paydalana alatug'i'n qa'nigelerdi tayarlaw actual ma'selelerden yesaplanadi'. Sebebi zamanago'y kompyuter texnologiyalari'nan paydalani'w tek g'ana ka'siplik professional jumi's na'tiyjeliligin artti'ri'p g'ana qalmastan, ba'lkim bolajaq qa'nigelerde du'nyag'a ko'z qarasti' ha'm kompyuterden paydalani'p woqi'ti'w texnologiyasi' arqali' woqi'ti'w ma'deniyati'n tu'sindiriwge, turmi'sta, sociyalli'q tarawlarda paydali' ta'sirlerin ko'rsetedi. Sonday – aq pa'n ha'm texnika rawajlani'wi'ni'n' ju'da' tez rawajlani'wi' na'tiyjesinde axborotlardi'n' keskin ko'beyip barati'rg'anli'g'I', wolardan ta'lim – ta'rbiya bari'si'nda paydalani'w ushi'n waqi'tti'n' shegeralang'anli'g'i' woqi'w bari'si'n texnologiyali'q ta'miyinlew za'ru'rliligin keltirip shi'g'armaqta. Bunday za'ru'rlikler uli'wma bilim beretug'I'n mekteplerde muzi'ka ta'limi pa'ninen woqi'wshi'larg'a bilim ha'm ta'rbiya beriwde woqi'ti'wshi'larg'a sabaqlardi' sho'lkemlestiriw ha'm wo'tkeriw bari'si'nda bilimlendiriw texnologiyalari'n ha'm qurallardan na'tiyjeli paydalani'wdi' talap yetpekte. Woqi'ti'wshi' xi'zmeti qanshelli belsendiligi artsa bilim ali'wshi'lardi'n' ha'reketleri qanshelli do'retiwshi, qi'zi'qli', keleshekke umti'li'wg'a sho'lkemlestire alsa a'lbette qollani'li'p ati'rg'an bilimlendiriw texnologiyalari'ni'n' na'tiyjeliligi artadi',

joybarlasti'ri'lg'anwoqi'w maqsetleri an'sat a'melge asadi', ku'tiletug'i'n na'tiyjege tezirek yerisiliwin ta'miyinleydi.

Bul pikirlerden kelip shu'g'i'p muzi'ka ta'liminde to'mendegi mashqalalarg'a itibardi' qarati'w maqsetke muwapi'q boladi'.

- innovacion ta'lim texnologiyasi' sistemasi'nda muzi'ka woqi'ti'wshi'si'ni'n' worni' ha'm wazi'ypalari' ani'q belgileniwi za'ru'r;

- muzi'ka ta'limi woqi'ti'wshi'si' bilimlendiriw barii'si'n texnologiyalasti'ri'wshi', woqi'w maqsetlerinin' proektleri ha'm woni' a'melge asi'ri'wshi' boli'wi' kerek;

- muzi'ka woqi'ti'wshi'si' – "woqi'ti'wshi' – texnolog", "pedagog – texnolog' da'rejesine ko'teriliwi kerek;

- woqi'ti'wshi' – texnolog zamanago'y texnologiyalardi'bilimlendiriw bari'si'na qollani'w ko'nlikpelerine iye boli'wi' kerek;

- woqi'ti'wshi' – texnolog' ti'n' pedagogikali'q ja'ma'a't wortasi'ndag'i' abi'royi', intelektual da'rejesinin' artti'ri'li'wi', ruwxi'yati', materialli'q ma'ptarli'g'i'ni'n' ta'miyinleniwi boyi'nsha ani'q ji'yi'nlar a'melge asi'ri'lg'an boli'wi' za'ru'r boladi'.

Bolajaq muzi'ka woqi'ti'wshi'lari'n tayarlawda a'hmiyetli tarawlardan biri boli'p muzi'ka sabaqlari' yesaplanadi'. Muzi'ka ta'siri, rawajlani'wdan shetletiwge (kemshilikke ) iye bolg'an kishi jastag'i' woqi'wshi'lardi'n' ishki seziw a'leminde jaqsi' sa'wlelengen, seziw disgarmonini du'zetedi, wolardi'n' minez qulqi'n korrentirovka yetiwge ja'rdem beredi. Balalar menen muzi'ka jumi'si'n ali'p bari'wdi'n' specipik ta'repi sonnan barat, muzi'ka qa'biletin qa'liplestiriwdin' yeslew qa'bileti, diqqat, - itibar, pikirlew, tu'siniklerdin' rawajlani'wi'nda ayri'qsha a'hmiyet boli'p yesaplanadi'. Woqi'ti'wshi'lardi' woqi'wshi'lar menen muzi'ka sabaqlari'nda islew tayarli'g'i', "Muzi'ka ha'm korrekcion-jlandi'ri' texnologiyalari' ja'rdeminde balalardi'n' muzi'kali'q qa'biletlerin rawajlandi'ri'w usi'li'" kursi'nda a'melge asi'ri'ladi'. A'lbette woqi'w bari'si'n jetilistiriwde ko'pshilik wazi'ypalardi' wori'nlawda basqari'w processlerin ali'p bari'w, xabar

sistemasi’n yengiziw, qa’nigelerdi kompyuterde islewge u’yretiw u’lken a’hmiyetke iye.

Ha’zirgi zaman woqi’ti’wshi’lari’, qanday tarawda boli’wi’na qaramastan, kompyuter sawatxanli’g’i’ boyi’nsha ken’ ko’lemdegi bilimlerge, zamanago’y yesaplaw texnikasi’, informaciyali’q baylani’s ha’m kommunikaciyali’q sistemalari’, orgtexnika qurallari’ ha’m wolardan paydalani’wda jeterli da’rejede bilimge iye boli’wi’ ha’mde jan’a informaciyali’q texnika ha’m texnologiya tiykarlari’ haqqi’nda bilimlerge iye boli’wi’ tiyis.

Muzi’ka sabag’i’nda kompyuterden paydalani’p sabaq wo’tiwde to’mendegilerge itibar qarati’li’wi’ kerek:

- muzi’ka sabag’i’nda kompyuterden paydalani’p sabaq wo’tiw arqali’ balalardi’ aqi’li’y – do’retiwshilikke rawajlandi’ri’w ;
- kompyuter arqali’ woqi’ti’w texnologiyalari’nan paydalani’p woqi’wshi’lardi’ ka’sipke bag’darlawdi’ rawajlandi’ri’w;
- balalardi’n’ woylaw qa’biletin rawajlandi’ri’w ha’m wolardi’ zamanago’y texnologiyalar tiykari’nda ha’r ta’repleme jetilistiriw;
- zamanago’y joqari’ bilimli woqi’wshi’lardi’ tayarlawda innovaciyali’q usi’llardan paydalani’w ha’m.t.b.
- Kompyuter arqali’ woqi’ti’w texnologiyalari’n tiykarg’i’ wazi’ypalari’nan biri wolardi’ aqi’li’y do’retiwshilikke ha’m a’meliyatqa u’yretiwden ibarat. Buni’n’ ushi’n kompyuterde woqi’ti’w texnologiyalar imkaniyatlari’nan na'tiyjeli paydalani’p woqi’wshi’lardi’n’ ta’lim – ta’rbiyasi’na paydali’ ta’sir yetiw ha’m ka’sipke bag’darlawdi rawajlandi’radi’. Bizge belgili ha’zirgi waqi’tta ha’r qi’yli’ kompyuter woyi’nlari’ balalardi’n’ ta’lim – ta’rbiyasi’na zi’yanli’ ta’sirin ko’rsetpekte. Bunday jag’daylardi’n’ aldi’n ali’w ushi’ woqi’w wori’nlari’nda pa’n do’gerekleri, texnikali’q do’retiwshilik woraylari’ internet klublari’ sho’lkemlestiriliwi ha’m wolar texnikali’q qurallar, sonday – aq kompyuterler menen qurallang’an boli’wi’ kerek. Sebebi woqi’wshi’lardi’n’ bilimi ha’m xabar kommunikaciyali’q ma’deniyati’ qanshama joqari’ bolsa, wolarda muzi’kadan bilim ha’m ko’nlikpelerin payda yetiw sonshelli

an’sat boladi’. Solay yetip kompyuter arqali’ woqi’ti’w texnologiyalari’ tiykari’nda woqi’wshi’lardi’n’ muzi’kag’a bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ja’nede artti’ri’w, bilim ha’m ko’nlikpelerin payda yetiw boyi’nsha ha’mde bilim na’tiyjeliligin ta’miyinlewshi metodikali’q usi’ni’slardi’ a’meliyatqa yengiziw maqsetke muwapi’ boladi’:

- woqi’wshi’lardi’n’ kompyuter menen woqi’ti’w texnologiyalari’ imkaniyatlari’nan na’tiyjeli paydalani’w;
- internet tarmag’i’nan sipatli’ paydalani’wg’a ayri’qsha itibar beriw;
- woqi’wshi’lar wo’z betinshe tayarlani’wi’nda duri’s paydalani’w;
- muzi’ka ma’deniyati’ pa’nin u’yreniwde predmetler arali’q baylani’sti’ ta’miyinlew;
- woqi’wsh’lardi’ a’meliy jumi’s islewin jetilistiriw;
- muzi’ka sabag’i’n woqi’ti’wda zamanago’y pedagogikali’q texnologiyalardan paydalani’w innovacion ta’limdi jolg’a qoyi’w ha’m t.b.
- woqi’wshi’lardi’n’ kompyuterden paydalani’w ma’deniyati’n joqari’lati’w, tiykari’nan wolardan paydalani’w ko’nlikpelerin ha’m bilimlerin rawajlandi’ri’w boli’p yesaplanadi’.

Kurs usi’li’ arqali’ woqi’ti’wshi’larda muzi’kali’q du’zilis haqqi’nda tu’sinikler, muzi’kali’q qa’biletler, rawajlani’wda shetleniwge iye bolg’an balalarda wolardi’n’ payda boli’wi’ ha’m rawajlani’wi’ qa’liplestiriledi; kishi jaslardag’i’ balalardi’n’ muzi’kali’q rawajlani’wda diagnostika metodlari’ haqqi’ndag’i’ tu’siniklerin qa’liplestirgen; ruwxi’y rawajlani’wi’nda shetleniwge iye bolg’an balalar menen islesiwdin’ wo’zgeshelikleri ha’m mazmuni’ asi’p beriledi. Buni’n’ ushi’n bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ a’piwayi’ bolg’an balalar muzi’ka saz a’sbaplari’nda shi’ni’g’i’wdi’, muzi’kali’li’q shi’g’armalardi’ talqi’law ha’m qabi’l yetiledi quramali’ bolmag’an partituralardi’ du’ziw, improvizaciyalardi’ muzi’kali’q ritmli ha’reketlerden paydalani’wlardi’ u’yrenedi.

Balalardi’ elementar muzi’kada qamrap ali’wg’a ayi’ri’qsha itibar beriledi. Bul yen’ qolay bolg’an xi’zmet si’pat’nda qaraladi’. Muzi’kali’q qa’biletleri di’qqat itibar, yeslep qali’w, pikirlew, so’ylewlerinde ruwxi’y shetletiwge bolg’an

balalar woqi’ti’wshi’lar “Muzi’kali’q redaktor” mektepler bazasi’na jaylasti’ri’lg’an melodixlamaciyalardan belgili ladoli intonaciyalar ha’m ritmikali’q figurali’ melodiyalardi’ jazi’wg’a wo’tiwdi bo’liwleri kerek.

Muzi’kali’q rawajlani’wdi’n’ ha’r tu’rli principlerden paydalani’wdan woqi’ti’wshi’lar tayarli’g’i’ni’n’ keying basqi’shi’ kishi jasdag’i’ woqi’wshi’lardi’n’ muzi’kali’q ha’m uli’wmali’q rawajlani’wdi’n’ sa’ykes, ani’q ma’seleler arqali’ a’meliy da’stu’riy jetkerip beriwden paydalani’lg’an halda.
Parallel ra’wishte partitura atqari’li’wi’, individual korrekcion ta’sirin a’melge asi’ri’w ushi’n woni’n’ talqi’lani’wi’ ali’p bari’ladi’. Melodiya ha’m partituralardi’ jazi’w muzi’kali’q immrovizaciya ushi’n za’ru’r bolg’an woqi’ti’wshi’ni’n’ jaqsi’ qa’biletlerin rawajlandi’ri’ladi’. Muzi’ka sabag’i’nda kompyuterlestiriw ha’m ja’ne kompyuter texnologiyalardan paydalani’lg’an halda jaqsi’ xi’zmetlerden paydalani’lg’an halda xi’zmetti iyelew korrekcion – rawajlani’w texnologiyalari’n belsene wo’zlestiriwge ko’mek beredi.

“Kadrlar tayarlaw milliy bag’darlamasi’” da “Zamanago’y axborot texnologiyalari’, kompyuterlestiriw ha’m kompyuterler tarmaqlari’ negizinde bilimlendiriw bari’si’nda axborot penen ta’miyinleniw rawajlani’p baradi’’ - dep atap wo’tilgen . Sol sebepli jan’a axborot texnologiyalardan ta'lim – ta’rbiya bari’si’nda ken’ paydalani’li’p bu’gingi ku’nde texnikali’q ha’m bag’darlamalasti’ri’lg’an yesaplaw texnikasi’ qurallari’nan islep shi’g’i’w ha’mde wolar g’alabali’q ra’wishte qollani’li’wi’ ushi’n qolaylasti’ri’li’p bul actual mashqalalardan birine aylandi’. Kompyuterlerden bilimlendiriw bari’si’nda tiykarlang’an halda paydalani’w, woni’n’ keleshekti belgilew jan’a bilimlendiriw exnologiyalari’n yengiziw bolsa wo’z na’wbetinde fundamental ha’m a’meliy psixologiyali’q izertlewler wo’tkiziliwi atap wo’tiledi.

Bilimlendiriwdi kompyuterlestiriw boyi’nsha ilimiy – izertlewler ha’m ilimiy – pedagogikali’q izleniwler ayni’qsa muzi’ka ta’limi bari’si’nda jetilistiriwdin’ kompyuterlestiriw woqi’w xi’zmetinin’ psixologiyali’q teoriyasi’ ha’m bizde jeterli da’rejede rwajlanbag’an. Kompyuterlerdi muzi’ka ta’liminde qollaw a’dep ikraml’li’q ha’reketler ha’m a’mellerdin’ teskeri ta’repin payda

yetiwshi. “Bilim ha’m ko’nlikpeler” din’ juwapkerli tu’rde talqi’lani’wi’di’ ko’zde tutadi’. Sebebi sanali’ a’meller “bilim ha’m k’nlikpeler” di ishki mazmuni’n payda boladi’. Sol sebepli wolardi’ kompyuter bag’darlamalari’n ko’shiriw talap yetiledi. Usi’ jumi’sta bolsa bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ni’n’ atqari’wshi’li’q sheberligin qa’liplestiriwde kompyuterden paydalani’w ma’selesine qaralg’an. Buni’n’ ushi’n to’mendegi mashqalalar sheshiledi:

A) bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ni’n’ atqari’wshi’li’q qa’biletlerin qa’liplestiriwdin’ teoriyali’q tiykarlari’ yelede jetilistiriwdin’ na’tiyjeli jollari’ islep shi’g’i’lg’an;

B) zamanago’y kompyuterler ushi’n arnawli’ a’meliy bag’darlamalar qurallari’ islep shi’g’i’lg’an.

Soni’n’ menen birge birge bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’di’n’ kompyuter arqali’ woqi’ti’w texnologiyalari’ boyi’nsha ha’r ta’repleme tayarli’g’i’n artti’ri’w processin woqi’w – metodikali’q ta’miynati’n jarati’w kerek boladi’. Bunda bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lardi’n’ zamanago’y xabar kommunikaciya boyi’nsha tayarli’g’i’n artti’ri’w sistemasi’ modelin islep shi’g’i’w ha’m woni’ a’meliyatqa yengiziwden ibarat.

Jigirma birinshi a’sir – informacion texnologiyalar asiri boli’p yesaplanadi’. Ha’zirgi informacion texnologiyalar turmi’sti’n’ ha’r qi’yli’ ta’replerine bunda uli’wma bilim beretug’I’n mektepler tarawi’nada ken’ turde jetip kelgen ha’m woqi’w bari’si’na yengizilip ati’r. Ha’zirgi da’wirde muzi’ka ta’limi sistemasi’nda modernizaciyalaw bari’si’nda informacion texnologiyalari’ uli’wma bilim eretug’I’n mekteplerde bilimlendiriwde ken’ tu’rde qollani’lmaqta. Informacion texnologiyalardi’ bilimlendiriwde qollaw muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n’ sabaqlardi’ woqi’ti’wda u’lken imkaniyatlar jaratadi’. Muzi’ka sabaqlari’nda so’z, dawi’s ha’m video materiallari’n jan’a usi’lda qollaw, sabaqti’ ja’nede qi’zi’qli’, yesde qalarli’ yetip wo’tiwge ja’rdem beredi. Sabaqti’n’ metodikali’q imkaniyatlari’n asi’ri’p, woni’ zamanago’y da’rejesine keltiredi.

Muzi’ka ta’liminin’ sistemasi’n modernizaciyalaw bari’si’nda muzi’ka sabaqlari’nda zamanago’y kompyuter texnologiyalari’n qollaw bir qatar a’hmiyetli

wazi’ypalardi’: bunda yen’ da’stlep bul muzi’ka sabag’i’ndag’i’ woqi’w – biliw xi’zmetine bolg’an qi’zi’g’I’wdi’ asi’ri’p baradi’, woqi’w materiali’ni’n’ jaqsi’ wo’zlestiriliwin ta’miyinleydi, woqi’wshi’lardi’n’ do’retiwshilik imkaniyatlari’n a’melge asi’ri’wg’a ha’m qi’zi’g’i’wi’ni’n’belsendiligin artti’ri’wg’a ja’rdem beredi. Muzi’ka sabaqlari’nda qollaw imkaniyati’ u’lken bolg’an informacion texnologiyalardan biri mul’timedia bag’darlamalari’ boli’p yesaplanadi’. Wolar arasi’nda qollaw ushi’n a’ne usi’nday qolay ha’m na’tiyjeli do’retiwshilik texnologiyalardan biri Power Point bag’darlamasi’ boli’p yesaplanadi’. Usi’ bag’darlama qurali’nda muzi’ka sabaqlari’n woqi’ti’wda ja’rdemshi bolatug’i’n prezentaciyalardi’ tayarlaw ha’m woni’ ja’nede klastan ti’sqari’ jumi’slarda da qollawg’a boladi’.

Prezentaciya woqi’ti’wshi’g’a wo’zinin’ waqi’yasi’n illyustraciyalawg’a woni’ ja’nede qi’zi’qli’ yetiwge yen’ tiykargi’si’ balalar di’qqati’n woqi’ti’wshi’ tu’sindiriwi kerek bolg’an materialg’a qarati’wg’a ja’rdem beredi, bul bolsa ju’da’ a’hmiyetli boli’p yesaplanadi’. Prezentaciyalardi’ sabaqti’n’ qa’legen jerinde qa’legen basqi’shi’nda qollawg’a boladi’. Wornati’lg’an materialdi’ su’wretlew, woqi’ti’wshi’ tu’sindirip ati’rg’an materiali’ni’n’ wo’zlestiriliwin ja’nede na’tiyjesin asi’radi’. Slaydlardi’ jarati’wda animaciyadan paydalani’wg’a boladi’. Bul bolsa materialdi’n’ keyingi mag’li’wmati’ ushi’n qolayli’ boladi’. Animaciya ja’rdeminde woqi’wshi’lar di’qqati’n u’yrenip ati’rg’an materialg’a ja’nede ku’shlirek di’qqati’n ja’mlewge ja’rdem beredi. Ko’pshilik mekteplerde muzi’ka sabaqlari’nda muzi’ka shi’ni’g’i’wlari’n wo’tkeriwge qolaylasti’ri’lmag’an klass yamasa zallarda wo’tkeriledi. A’ne usi’nday jag’daylarda kompyuter texnologiyalari’ tiykari’nan mul’timediya proektorlari’nan paydalani’w u’lken ja’rdem beredi. Mul’timediya qurallari’nan muzi’ka sabag’i’nda barli’q bo’limlerinde: ja’ma’at boli’p atqari’w, muzi’ka ti’n’law, balalar saz a’sbabi’nda atqari’wda qollawg’a boladi’.

Jeke kompyuterler a’lle qashan insan ku’ndelik turmi’si’na kirip keldi, a’piwayi’ ku’ndelik a’sbapqa aylani’p qaldi’. Internet tarmaqlari’ni’n’ ken’ tarqali’wi’ bilimlendiriw bari’si’nda woni’n’ ken’ qollani’li’wi’ imkaniyati’

jarati'ldi'. Zamanago'y muzi'ka woqi'ti'wshi'si' internet tarmaqlari' sharapati' menen wo'zine kerek bolg'an wol yamasa bul materialdi' tabi'wi' ha'm woni' wo'zinin' sabag'i'nda woqi'wshi'lar di'qqati'na usi'ni'wi' mu'mkin boladi'. Ma'selen woqi'ti'wshi' woqi'wshi'larg'a kompozitorlar biografiyalari' ha'm ko'plegen ha'r qi'yli' usi'l – bag'darlardag'i' muzi'kalar, so'zler ha'm wolardi'n' jarati'li'wi' tariyxi' ha'm ha'r qi'yli' qosi'qlardi'n' audio jazi'wlari'n internet saytlardan tawi'p keliwi wazi'ypasi'n beriwi mu'nkin boladi'.

Yegerde woqi'wshi'larg'a wol yamasa bul qosi'q jag'i'p qalg'an bolsa, wolar wo'zlerine belgili bolg'an saytlarg'a kiriwi ha'm bul qosi'qti'n' basqa variantlari'n ko'shirip ali'wlari' ha'mde u'yde woni'n' ha'r qi'yli' variantlari'n bir – birine sali'sti'ri'p talqi'lap keliwdi wazi'ypa yetip beriwi kerek. Internet arqali' ali'ng'an ha'r qi'yli' muzi'ka boyi'nsha mag'li'wmatlari'n ali'w ha'm qayta islewdi u'yreniw – woqi'wshi'lardi'n' muzi'kani' biliwi – u'yreniwi xi'zmetin rawajlandi'ri'w ha'm du'nya ju'zi muzi'ka ma'deniyati' menenn tani'sti'ri'w imkaniyati'na iye boladi'. A'ne usi'nday wazi'ypalardi' wori'nlaw ushi'n to'mendegi saytlardi' usi'ni's yetiwge boladi': http://www.sovmusic.ru/; www.classic-music.ru; www.tchaikov.ru; www.vkontakte.ru ha'm basqalar. Bunday wazi'ypalardi'n' a'hmiyetliligi sonda barli'q g'alabali'q axborot qurallari' qatari'nda internetten kelgen mag'li'wmatlar sheksiz boli'p woqi'ti'wshi'ni'n' tiykarg'i' wazi'ypasi' kelgen mag'li'wmatlar ag'i'mi'n kerekli ta'repke bag'darlaw, woqi'ti'wshi'lar di'qqati'n kerekli saytlarg'a qarati'w, usi' mag'li'wmatlardi' ali'w ha'm qayta islewge u'yretiwden ibarat boli'p yesaplanadi'.U'yge wazi'ypalar beriwdin' ja'ne bir tu'ri woqi'wshi'lardan belgili bir tema boyi'nsha tayarlani'p keliw ha'm wo'zinin' juwaplari'n prezentaciyalar ja'rdeminde bekkemlewdi u'yretiw boli'p tabi'ladi'. Prezentaciyadan paydalani'p juwap beretug'i'n woqi'wshi'g'a sonday wazi'ypalardi' wori'nlag'ani' ushi'n yeki baha: bir baha – prezentaciya ushi'n, al yekinshi baha bolsa juwap bergeni ushi'n qoyi'li'wi' kerek. Wazi'ypalardi'n' bunday tu'rin wori'nlaw woqi'wshi'lar ushi'n ju'da' paydali', sebebi wolar prezentaciyalardi' tayyarlaw ushi'n belgili bir izertlew jumi'slari'n ali'p bari'w ha'm u'lken informacion materialdan

paydalani’w za’ru’r boladi’. Buni’n’ na’tiyjesinde woqi’wshi’ wo’zinin’ do’retiwshilik da’rejesin ko’rsete akladi’. Binday jumi’slar woni’n’ jeke do’retiwshiligi jemisine aylanadi’. Prezentaciyalardi’ wo’tkeriw bari’si’nda woqi’wshi’lar wolarg’a kelesi turmi’si’nda za’ru’r bolatug’I’n g’alabali’q shi’g’I’w ta’jiriybesin iyeleydi. Sebebi kompyuter menen islesiw ta’jiriybeleri zamanago’y jaslar ma’deniyati’ni’n’ a’hmiyetli elementlerinen biri boli’p yesaplanadi’.

Muzi’ka ta’limi sistemasi’n modernizaciyalaw bari’si’nda muzi’ka ta’limin kompyuter texnologiyalari’n qollawg’a tu’rlishe jandasi’w tu’rlerin talqi’law yetilse, wolardi’ qollawdi’n’ bir neshshe bag’darlari’n ko’rsetiwge boladi’:

- muzi’ka shi’g’armalari’n ti’n’law ha’m talqi’law (ti’n’law arqali’);

- vokal – xor jumi’slari’ (minusovkalardan paydalani’w, qosi’qlardi’ u’yreniwde su’wretlew);

- muzi’ka tariyxi’ ha’m teoriyasi’ materiallari’n u’yreniw (muzi’ka sawati’ xi’zmeti);

- klastan ti’sqari’ jumi’s;

- imternetten paydalang’an halda ha’r qi’yli’ muzi’kadan mag’li’wmatlar ali’w.

Informaciyali’q texnologiyalardi’ muzi’ka sabaqlari’nda qollaw:

- woqi’wshi’lardi’n’ muzi’ka sabaqlari’na qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n asi’ri’wg’a;
- bilimlendiriw bari’si’nda woqi’wshi’lardi’n’ qi’zi’g’i’wlari’ni’n’ arti’wi’na;
- - belsendilik ha’m g’a’ressizliktin’ asi’ri’wg’a;
- Woqi’wshi’larda muzi’ka ko’rkem wo’nerine degen estetikali’q emocionalli’q mu’na’sebetinde qa’liplestiriw;
- - wolarda teoriyali’q hegizlerdin’ tiykari’n qa’liplestiriwge ja’rdem beredi.

Bulardi’n’ barli’gi’n yesapqa ali’p sonday juwmaqqa keliwimiz mu’mkin boladi’, zamanago’y mektep da’wir talabi’nan arqada qalmawi’mi’z kerek, demek

woqi’ti’wshi’ wo’zinin’ is ta’jiriybesinen kelip shi’g’i’p kompyuter imkaniyatlari’nan ken’ paydalani’w za’ru’r. Muzi’ka sabaqlari’nda informacion texnologiyalardi’ qollawda soni’ umi’tpaw kerek boladi’ muzi’ka sabag’i’ ko’rkem wo’ner sabag’i’ yesaplanadi’. Informacionli’q texnologiyalardi’ qollag’an halda woqi’wshi’lar qa’biletlerin payda yetiwge ja’rdem beretug’i’n uti’slardan paydalani’wg’a ali’p keledi. Muzi’ka sabaqlari’nda informaciyali’q texnologiyalardi’ qollawda den sawli’qti’ saqlawshi’ texnologiyalardan paydalani’wdi’ woylap qoyi’w za’ru’r boladi’ sebebi video informaciyalari’dan paydalani’w ko’riw ag’zalari’na u’lken ju’k ju’klenedi.

Axborot – ja’miyet, barli’q insane turmi’si’ ha’m xi’zmetinde a’hmiyetli qural boli’p xi’zmet yetedi. Woni’n’ ko’lemi tez wo’sip barmaqta. Axborotlardan paydalani’w xarakteri ju’da’ tez wo’zgermekte. Soni’ atap wo’tiw wori’nli’ axborot tu’rli bolg’anli’g’i’na qaramay wol u’sh a’hmiyetli si’patqa iye boli’wi’ kerek.1. Toli’qli’q u’yrenip ati’rg’an ob’ektti toli’q biliw. 2. Bahasi’ joq. 3. Isenimlilik yag’ni’y axborot hesh bir qa’weterlenbesten basqadan qayta islenbewi kerek.

Juwmaqlap aytqanda bu’gu’n pa’n – texnika ha’mde texnologiyalar tarawi’nda yerisilgen jetiskenliklerinen na’tiyjeli paydalani’w bilimlendiriw sistemasi’n ha’m ma’deniyati’n ko’teriw jumi’slari’n tınbay rawajlandi’ri’p bari’wdi’ talap yetpekte. Bul tarawda yen’ u’lken jetiskenliklerinen biri yesaplang’an komp’yuterler ju’da’ u’lken rol’ woynamaqta. Solay yeken, uli’wma worta bilim beretug’ın mekteplerdegi jaslardi’ bul tarawdag’ı bilimler menen qurallandi’ri’w u’lken a’hmiyetke iye . Ha’r bir insan ushi’n muzi’ka ju’da’ za’ru’r yesaplanadi’. Bunday bilim beriw uli’wma worta bilim beretug’ın mekteptegi muzi’ka sabag’i’nda ko’rkem ha’weskerlik do’gerekleri ha’m balalar muzi’ka mekteplerinde alı’p bari’latug’i’n ta’lim – ta’rbiya bari’si’nda a’melge asi’ri’ladi’. Muzi’ka sabag’i’nda texnika jetiskenliklerinen ken’ tu’rde paydalani’p sabaq wo’tiw ha’r bir woqi’ti’wshi’ni’n’ pedagogikali’q sheberligin ha’r ta’repleme jetilistirip baradi’.

## 2.3. MUZI’KA TA’LIMINDE KOMPYUTERDEN PAYDALANI’WDA USHI’RASATUG’I’N MASHQALALAR

“Kadrlar tayarlaw milliy bag’darlamasi’” da “Zamanago’y axborot texnologiyalari’, kompyuterlestiriw ha’m kompyuterler tarmaqlari’ negizinde bilimlendiriw bari’si’nda axborot penen ta’miyinleniw rawajlani’p baradi’’ - dep atap wo’tilgen . Sol sebepli jan’a axborot texnologiyalardan ta'lim – ta’rbiya bari’si’nda ken’ paydalani’li’p bu’gingi ku’nde texnikali’q ha’m bag’darlamalasti’ri’lg’an yesaplaw texnikasi’ qurallari’nan islep shi’g’i’w ha’mde wolar g’alabali’q ra’wishte qollani’li’wi’ ushi’n qolaylasti’ri’li’p bul actual mashqalalardan birine aylandi’. Kompyuterlerden bilimlendiriw bari’si’nda tiykarlang’an halda paydalani’w, woni’n’ keleshekti belgilew jan’a bilimlendiriw texnologiyalari’n yengiziw bolsa wo’z na’wbetinde fundamental ha’m a’meliy psixologiyali’q izertlewler wo’tkiziliwi atap wo’tiledi.

Bilimlendiriwdi kompyuterlestiriw boyi’nsha ilimiy – izertlewler ha’m ilimiy – pedagogikali’q izleniwler ayni’qsa muzi’ka ta’limi bari’si’nda jetilistiriwdin’ kompyuterlestiriw woqi’w xi’zmetinin’ psixologiyali’q teoriyasi’ ha’m bizde jeterli da’rejede rwajlanbag’an. Kompyuterlerdi muzi’ka ta’liminde qollaw a’dep ikraml’li’q ha’reketler ha’m a’mellerdin’ teskeri ta’repin payda yetiwshi. “Bilim ha’m ko’nlikpeler” din’ juwapkerli tu’rde talqi’lani’wi’di’ ko’zde tutadi’. Sebebi sanali’ a’meller “bilim ha’m k’nlikpeler” di ishki mazmuni’n payda boladi’. Sol sebepli wolardi’ kompyuter bag’darlamalari’n ko’shiriw talap yetiledi. Bul jumi’sta bolsa bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ni’n’ atqari’w sheberligi qa’liplestiriw sheberligin qa’liplestiriwde kompyuterden paydalani’w ma’selesi qaralg’an. Buni’n’ ushi’n to’mendegi ma’seleler hal yetiledi:

A) bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ni’n’ atqari’wshi’li’q qa’biletlerinqa’liplestiriwdin’ teoriyali’q tiykarlari’n jetilistiriwdin’ na’tiyjeli jollari’ islep shi’g’I’lg’an ;

B) zamanago’y kompyuterler ushi’n arnawli’ a’meliy bag’darlama qurallari’ islep shi’g’i’lg’an .

Ga’ressizligimiz sharapati’ menen O’zbekistan Respublikasi’nda rawajlani’wdi’n’ basli’ maqseti si’pati’nda salamat a’wlad ta’rbiyasi’na ayri’qsha itibar qarati’lmaqta. Woqi’w ta’rbiya bari’si’na innovatsion pedagogikali’q texnologiyalardi’ yengiziw “Bilimlendiriw haqqi’ndag’i’” ni’zam ha’m “Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlama” si’nda ayti’p wo’tkenindey bul yekinshi ha’m u’shinshi basqi’shlari’nda wori’nlanatug’i’n tiykarg’i’ wazi’ypalardan biri si’pati’nda ko’rsetilip wo’tilgen. Bu’gingi ku’nde jan’a innovatsion pedagogikali’q texnologiyalardi’ ilimiy – teoriyali’q tiykarlari’n u’yreniw ha’m wolardi’ ta’lim – ta’rbiya bari’si’na yengiziw za’ru’rligi muzi’ka pa’nin woqi’ti’w bari’si’nda aktual ma’selelerden birine aylanbaqta. Sebebi a’meldegi da’stu’riy woqi’ti’w dizimi quri’ awi’z yeki so’z benen woqi’ti’w tu’ri boli’p qalmaqta. Bu’gingi ku’nde ta’lim ta’rbiya bari’si’nda wo’zine ta’n bolg’an zamanago’y talaplardi’n’ qoyi’li’p ati’rg’anli’g’i’ biz pedagoglardi’n’ ba’rshesine belgili. Ta’lim – ta’rbiya bari’si’nda pedagogikali’q terxnologiyalar, ta’rbiya, innovatsion woqi’ti’w ha’m qatnas texnologiyalari’n qollawg’a bolg’an talap ku’nnen ku’nge arti’p barmaqta. Bizge belgili usi’ waqi’tqa shekem bilim ali’wshi’larg’a da’stu’riy bilim beriwde woqi’ti’wshi’ ta’repinen tek g’ana tayar bilimler g’ana berilgen ha’m usi’ni’n’ menen birge usi’ berilgen bilimlerdi qanday bolsa sonday hali’nda iyelewge u’yretilgen bolsa, al ha’zirgi da’wirde bolsa innovatsiyali’q bilim beriwde iyelewi kerek bolg’an bilimlerdi bilim ali’wshi’lardi’n’ wo’zleri qi’di’ri’p tabi’wg’a wo’z betinshe yerkin ha’r ta’repleme ilimiy izlenip u’yreniwi, ha’r ta’repleme sali’sti’ri’p juwmaq shi’g’ari’wi’ ha’m talqi’lap bari’wi’ ha’tteki juwmaqlardi’ da wo’zleri keltirip shi’g’ari’wlari’na u’yretedi. Usi’ taqi’lette sho’lkemlestirilgen ta’lim ta’rbiya bari’si’ bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ni’n’ ha’r ta’repleme qa’liplesip bari’wi’ ha’m rawajlani’wi’ bilim ali’wi’ ha’mde ruwxi’y aqi’li’y pazi’yletlerdi wo’zinde qa’liplestirgen salamat a’wlad boli’p jetilisiwi ushi’n sharayi’t jarati’ladi’. Ta’lim – ta’rbiya bari’si’n jetilistiriw, si’pati’n asi’ri’w ila’jlari’ bul ta’lim beriw dizimin demokratiyali’q ha’m insani’yli’q printsiplerine tiykarlang’an ta’rizde sho’lkemlestiriwdi talap yetedi. Bundag’i’ tiykarg’i’ maqset joqari’ da’rejedegi uli’wmali’q ka’siplik ma’deniyatqa, yerkin wo’z betinshe

pikirlewge, wo'zine tiyisli bolg'an wazi'ypalardi' qi'yi'nshi'li'qsi'z sheshiw qa'biletine iye bolg'an jetik qa'nigelerdi ta'rbiyalawg'a qarati'lg'an.

Demek, ha'zirgi waqi'tta pedagoglarg'a, bolajaq muzi'ka woqi'ti'wshi'lari'na qoyi'latug'i'n talaplar:

- Ha'r bir woqi'ti'wshi'ni'n' woqi'ti'p ati'rg'an pa'ni boyi'nsha teren' bilimge iye boli'wi';
- wo'zinin' pa'ni boyi'nsha barli'q waqi'tta jan'ali'qlarg'a umti'li'wi' ha'm wolardi' a'meliyatta qollani'p bari'wi';
- ha'zirgi zaman pedagogi' keleshekti ko'riwde ha'r dayi'm woqi'wshi' jaslardan aldi'nda boli'wi';
- pedagog zamanago'y woqi'ti'w texnologiyalari'n teren'nen ha'r ta'repleme biliwi ha'm u'yreniwi ha'm yerisilgen na'tiyjelerden paydalani'wg'a wo'zinin' sha'kirtlerin tarta ali'wi';
- kasiplik sheberligin ti'nbay jetilistirip bari'wi', aldi'n'g'i' pedagogikali'q tajiriybeler ha'm soni'n' menen birge zamanago'y kompyuter – internet dizimi ha'm axborot jan'ali'qlari' usi'llari'nan paydalani'wi';
- pedagogti'n' ha'r qanday sharayi'tta wo'zin wo'zi basqara ali'wi' ha'm wo'zin – wo'zi talqi'lap bari'wi' na'tiyjesinde wo'zine baha bere ali'wi';
- sabaq bari'si'nda pedagogikali'q texnologiya usi'llari'nan wo'z worni'nda paydalani'p biliwi, pedagogikali'q sheberligi, mimikasi' ha'm kommunikativ so'ylew qa'biletinin' qa'lipleskenligi;

Prezidentimiz I.A.Karimov so'zi menen aytqanda "Woqi'ti'wshi' balalari'mi'zg'a zaman talabi'na say da'rejede bilim beriliwi kerek. Bunday talap da'rejesinde bilim beriwi ushi'n da'stlep woqi'ti'wshi'ni'n' wo'zi sonday bilimge iye boli'wi' kerek" dep uqti'ri'p wo'tedi. Demek woqi'ti'wshi' sabaq bari'si'nda jan'a ha'm joqari' da'rejedegi pedagogikali'q texnologiyani' wo'zinde wo'zlestirmesten turi'p sabaq bari'si'nda qollang'ani' menen sabaq ku'tilgen na'tiyjeni bermeydi yag'ni'y sabaqti'n' maqsetine yerisilmeydi. Pedagogti'n' pedagogikali'q xi'zmetin yen' birinshi, woni'n' ushi'n ka'sip qa'nigelik si'pati'nda jeke mazmun payda yetiwi menen ti'g'i'z baylani'sli' boli'p, bilim beriwshi ha'm

bilim ali’wshi’ is ha’reketine baylani’sli’ boli’p, wol yeki jaqlama ta’sirdi interaktsiya ha’m birgelikli na’tiyjelikti belgileydi. Soni’n’ ushi’n ka’siplik tayarli’q, rawajlani’w menen jeke rawajlani’w arasi’nda baylani’s boli’wi’ sha’rt.

Usi’dan kelip shi’g’i’p – bilim ali’wshi’g’a tek g’ana ta’rbiyalani’wshi’ ob’ekt si’pati’nda yemes ba’lkim wonnan u’yreniw mu’mkin ha’m za’ru’r bolatug’i’n sub’ekt si’pati’nda qaraw kerek boladi’. Sub’ekt – bul bilim ali’wshi’g’a wo’z ta’rbiyali’q ta’sirin wo’tkizetug’i’n pedagog, ata – ana ha’m ja’ma’a’t boli’p yesaplanadi’. Bilim ali’wshi’g’a ta’sir yetiwshi tiykarg’i’ qural bolsa woni’ qi’zi’qti’ri’wshi’ bilim, ta’jiriybe, pedagogti’n’ sheberligi ha’m uqi’bi’ yesaplanadi’. Soni’n’ ushi’nda da bilim beriwshi wo’z u’stinde jumi’s ali’p bari’wi’ talap yetiledi. Pedagogti’n’ tiykarg’i’ ta’rbiyalaw qurali’ – bul ta’rbiyalawshi’ miynet, wo’z – ara sa’wbetlesiwi, woyi’n arqali’ tusindiriwler boli’p yesaplanadi’. Haqi’yqi’y pedagog bilim ali’wshi’lardi’ yag’ni’y ja’ma’a’tti wo’zine tarta ali’w, wolardi’ qi’zi’qti’ra ali’w, bilim ali’wshi’lardi’n’ aldi’na ani’q maqset qoyi’wi’ – yag’ni’y ja’ma’a’tti basqara ali’wi’ qa’biletine iye boli’wi’ kerek. Bulardan ti’sqari’ pedagog sabaq bari’si’nda axborot texnologiyalari’nan, aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalardan kompyuter arqali’ internet jan’ali’qlari’nan paydalani’wlari’ kerek. Pedagogikali’q texnologiyalardi’n’ na’tiyjeligi muzi’kali’q ta’limdi belgili bir maqset tiykari’nda, forma, usi’l ha’m woqi’w qurallari’ ja’rdeminde sho’lkemlestiriliwi menen ta’miyinlenedi. Texnikali’q qurallar, kompyuter ha’m muzi’kali’q saz – a’spablari’, ko’rgizbeli bezewler, a’meliy sabaqlar, pedagogikali’q ha’m psixologiyali’q jaqtan aldi’n’g’i’ pedagoglardi’n’ ta’jiriybeleri, sabaqlardi’n’ da’stu’riy yemes formalari’, bahalawdi’n’ jan’a dizimi si’yaqli’ pedagogikali’q texnologiyalar na’tiyjeligin ani’qawdi’n’ a’hmiyetli wo’lshemleri boli’p xi’zmet yetedi.

Insan turmi’si’ni’n’ barli’q tarawlari’n kompyuterlestiriw processi jaqsi’ na’tiyjeler menen birgelikte bir qatar jaman unamsi’z ta’replerine de iye. Mi’sali’, kompyuterlerdi global tarmaqqa biriktiriw a’meli bir jag’i’nan ko’pshilik adamlarg’a du’nya ju’zinde toplang’an ko’p mug’dardag’i’ informaciyag’a qatnas jasawg’a mumkinshilik beredi, al yekinshi ta’repinen tarmaqta jaylasti’ri’lg’an

ha'm wonda saqlani'p turg'an ha'r bir adamni'n' jeke aqi'l miynetin qorg'aw boyi'nsha mashqala payda yetedi.

Ja'miyettin' barli'q tarawlari'n kompyuterlerdin' ha'm kompyuter texnologiyalardin' tarali'wi' ha'm yengiziwi ko'pshilik ji'nayatlardi'n' xarakterin wo'zgertip, wolardi'n' jan'a tu'rlerin payda yetedi.

Ji'nayat toparlari' ha'm sho'lkemleri wo'z ha'reketinde jan'a informaciyali'q texnologiyalardi' aktiv tu'rde paydalani'p basladi'. Kompyuter tarmaqlari' arqali' informaciyani' uzati'wda tiykari'nan u'sh tu'rdegi qa'wip tuwi'li'wi' mu'mkin:

- ✓ informaciyani' qolg'a kiritiw – informaciyani'n' pu'tinligi saqlanadi', birek woni'n' konfidencialli'g'i' buzi'ladi';
- ✓ informaciyani' modifikaciya yetiw –haqi'yqi'y xabarg'a wo'zgerisler kiritiledi yaki wol pu'tkilley basqa informaciyag'a almasti'ri'ladi' ha'm adresatqa jiberiledi;
- ✓ informaciya avtori'n wo'zgertip jiberiw. Bul jag'day ju'de awi'r mashqalalarg'a ali'p keliwi mumkin. Mi'sali', birew basqani'n' ati'nan xatlar tarqati'w yaki Web – server wo'zin elektron magazin dep tani'sti'ri'p, klientlerden biyi'rtpalar ali'wi', kredit kartalari'ni'n' nomerin sorap ali'wi' biraq buyi'rtpalardi' wori'nlamawi', al klienttin' kartasi'ndag'i' aqshalardi' qolg'a kiritiwiwi mu'kin.

Kompyuter ji'nayati'n ani'qlaytug'i'n yen' bir a'hmiyetli ha'm ani'qlawshi' element boli'p wori'nlaw usi'li'nta'riyipleytug'i'n mag'li'wmatlar ko'pligi yesaplanadi'. Kompyuterlik ji'nayatlardi'a'melge asi'ri'w jollari'n bes toparg'a bo'liwge boladi': qollani'latug'i'n kompyuter texnikasi'n – qurallari'n qolg'a tu'siriw joli' menen, uzati'wshi' ha'm qabi'llawshi' arasi'na tu'sip informaciyani' qolg'a kiritiw, informaciyani' ruxsatsi'z qatnas jasap ali'w, mag'li'wmatlardi' basqari'w buyri'qlari'nan paydalani'w, kompleks tu'rdegi usi'llar. Xakerler ushi'n qarsi' ta'reptin' mag'li'wmatlar bazasi'nda jaylasqan mag'li'wmatlar menen bazi' bir ha'reket islew mashqala payda yetpeydi. Qarsi' ta'replerge wolarg'a a'hmiyetli bolg'an informaciyali'q qatnas jasaw mu'mkinshiligin bermew xakerlerge qi'yi'n jumi's yemes. Wolar qarsi' ta'reptin'

informaciyali’q sistemalari’na elektron pochta arqali’ u’lken ko’lemdegi magli’wmatlar menen ju’klep taslaw usi’li’nan paydalanadi’, yamasa sistemalari’na viruslardi’ wornatadi’. Ha’zirgi waqi’tta xakerler informaciyali’q uri’s ju’rgiziwde ken’ paydalanbaqta.

Informaciyani’ jasi’ri’wdi’n’ bir neshe usi’llari’ bar, mi’sali’ steganografiya, qodlaw, shifrlaw. Informaciyani’ shifrlawda belgili bir algoritm ja’rdeminde informaciya wo’zgertiledi, bunda gilt dep atali’wshi’ tu’sinikkten paydalani’ladi’. Shifrlang’an tekstti qaytadan tiklew deshifrlaw dep ataladi’. Shifrlawdi’n’ kriptografiyali’q usi’llari’ simmetriyali’q ha’m asimmetriyali’q tu’rlerge bo’linedi. Simmetriyali’q kriptosistemalarda mag’li’wmatlardi’ jasi’ri’w ushi’n shifrlawda jasi’ri’n gilt qollani’ladi’. Shifrlang’an tekstti ashi’wda da sol bir giltten paydalani’ladi’. Bul giltti tek g’ana aldi’nnan kelisip alg’an xabarli’ jiberiwshi ha’m qabi’llawshi’ biledi. Bunday kriptodizimler basqasha jabi’q giltli dep ataladi’. Bul usi’ldi’n’ kemshiligi xabar almasi’wdan aldi’n’adresatlar gilt haqqi’nda bir – birewine xabar beriwi ushi’n isenimli baylani’s kanali’n tabi’wi’ kerek boladi’. Si’rli’ giltti qo’lg’a kiritken basqa adamlar ha’m xabardi’n’ da’slepki tekstin an’sat qayta tikley aladi’. Sol sebepli, mi’sali’ Internet to’lemleri ushi’n, basqa kriptoalgoritmler qollani’ladi’. Kriptografiyali’q qorg’awdi’n’ effektivligin ashi’q giltli basqasha aytqanda asimmetriyali’q (simmetriyali’q bolmag’an) kriptodizimler ta’miyinleydi. Bunday sistemalarda mag’li’wmatlardi’ shifrlawda bir giltten, al deshifrlawda – basqa bir giltten paydalani’ladi’. Kriptodizimnin’ turaqli’li’g’i’ woni’n’ gilti menen ani’qlanadi’, yag’ni’y shifrdi’n’ si’rli’li’g’i’n ta’miyinlew ushi’n shifrlaw algoritmi yemes, balki gilt si’r saqlani’wi’n ta’miyinlew kerek.

Ha’zirgi ku’nde axborot kommunikacion texnologiyalari’ tez rawajlani’p ha’m jetilisip barmaqta. Ha’zirgi waqi’tta kompyuter texnologiyalari’ kirip barmag’an tarawdi’n’ wo’zi joqti’n’ qasi’nda. Bul haqqi’nda O’bekistan Respublikasi’ Ministrler kabinetinin’ 2002 - ji’l 6 – iuyndag’i’ 200 – sanli’ “Kompyutrlestiriwdi ja’nede rawajlandi’ri’w ha’m axborot kommunikaciya texnologiyalari’n yengiziwdegi islenetug’i’n is ila’jlar haqqi’nda” g’i’ qarari’n

ta’miyinlew masetinde barli’q tarawlarg’a axborot kommunikaciya texnologiyalari’ kirip keldi. Solay yeken wolardan na’tiyjeli ha’m maqsetli paydalani’w ko’nlikpesine iye boli’w kerek. Ayni’qsa bilimlehdiriwdi kompyuterlestiriw wog’an kompyuter ha’m axborot texnologiyalari’n yengiziw menen baylani’sli’ bolg’an mashqalalardi’ sheshiwde bir qatar jen’islerge yerisilgen bolsada yle berin aldi’mi’zda bir qatar sheshimin ku’tip turg’an ma’seleler bar.

Ha’zirgi bilimlehdiriw diziminde kompyuter ha’m axborot texnologiyalari’n yengiziw boyi’nsha mektep – kollrdj – akademiyali’q licey – joqari’ woqi’w worni’ bilimlendiriwdi wo’z ishine alg’an ani’q bir koncepciya joq.Ha’zirgi ku’nde axborot ha’m kompyuter texnologiyalari’ bilimlendiriwde tiykari’nan prezentaciya, wo’zlestiriw da’rejesin qadag’alaw ha’m bir qansha labaratoriya sabaqlari’ ushi’n virtual laborotoriyalar ko’rinisinde qollani’li’p kelinbekte, biraq bulardi’ islep shi’g’i’w boyi’nsha wo’lshemler jeterli da’rejede yemes, barlari’da az ydalani’lmaqta. Bu’gingi ku’nde bilmlendiriwdi kompyuterlestiriw koncepciyasi’n jarati’w waqi’ti’ jetip keldi.

Zaman talaplari’na say rawishte kompyuter ha’m axborot texnologiyasi’ qurallari’n bilimlendiriwdin’ barli’q buwi’nlari’ bari’si’nda na’tiyjeli qollani’latug’i’n mashqalalar a’lbette usi’ bag’darlamani’ tayarlawg’a bari’p taqaladi’. Bul bari’si’nda rawajlang’an ma’mleketlerde bir qatar jumi’slar ali’p bari’lg’an. Bunday bag’darlamalar tiykari’nan wo’z betinshe izleniwshen’likti ha’m wo’z betinshe ta’limdi rawajlandi’ri’wda ju’da’ u’lken na’tiyje beredi, buni’n’ na’tiyjesinde biz jetik kadrlardi’ ja’nede ko’beytiwimiz kerek. Jaqsi’ islengen bag’darlamalarda kerekli qurallardan paydalani’lg’anda ko’zlengen pedagogikali’q na’tiyjege yerisiw mu’mkin boladi’. Ha’zirde kompyuterlerdin’ didaktikali’q intelektual imkaniyatlari’n a’melge asi’ri’wshi’ bag’darlamalar qurallari’n jaratpaqta, sonday aq insan yesinde tez saqlanatug’I’n a’piwayi’ u’yretiwshi bag’darlamalar sani’ ko’beyip barmaqta, bul a’lbette ju’da’ jaqsi’ biraq arnawli’ bag’darlamalar jarati’w boyi’nsha wo’lshemlerdin’ jarati’lmag’anli’g’i’ ha’m wol wo’lshemlerin u’yreniwshi jasi’ ha’m social kelip shi’g’i’wi’nan ti’sqari’

wolardi’n’ psixofiziologiyali’q wo’zgeshelikleri ha’mde sanitariya – gigiena qag’i’ydalari’na toli’q juwap beretug’’i’n yetip islep shi’g’i’w maqsetke muwapi’q boladi’.

Ba’rshege belgili kompyuterli woqi’w da’stu’rleri woqi’w bag’darlamalari’n islep shi’g’i’wda tiykari’nan wolardi’n’ sani’ yemes ba’lkim si’pati’ tiykarg’i’ rol woynaydi’. Menin’ pikiimshe kompyuterlesken woqi’w qadag’alaw, u’yretiwshi, ma’slahat beriwshi bag’darlamalar, bag’darlama menen ta’miyinlew ha’m pa’nnin’ woqi’w – metodikali’q komleksin jarati’w to’mendegi strukturag’a tiykarlang’an halda ali’p bari’lsa maqsetke muwapi’q bolar yedi. Audio – video u’yretiwshi bag’darlamalardi’ jarati’w qurallari’ ha’zirgi ku’nde ju’da’ ko’beymekte, usi’lardan yen’ belgilerinen biri bolg’an Cantasia Studioni’ ayti’wi’mi’zg’a boladi’. Bul dastu’r kompyuter bag’darlamalari’ menen islesiwde ha’m bul bari’si’nda tayarlanatug’i’n interaktiv woqi’w kurslari’ ha’mde videoprezentaciyalar jarati’wda qol keletug’i’n bag’darlama yesaplanadi’. Sonday aq bul bag’darlama mul’timedia jarati’wshi’ joqari’ ta’jiriybeli qa’nigeler ja’rdemisiz si’patli’ professional da’rejedegi video materiallardi’ jarati’wdi’ ha’m wolardan ken’ tarqalg’an formatlardan shi’g’ari’w imkaniyatlari’n beredi. Cantasia Studio bag’darlamasi’ basqa bag’darlamadan wo’zgesheligi real waqi’ttan ekranda ko’rsetiletug’i’n su’wretti joqari’ si’patti’ ko’shirip ali’w imkani’na iye boladi’. Bul bag’darlamani’n’ ja’ne sonday imkaniyati’ bar, jarati’lg’an woqi’w kursi’n paydalani’wshi’lar bir waqi’tti’n’ wo’zinde de ko’rip ha’m yesitip parallel tu’rde jumi’sti’ wori’nlap baradi’.Axborottan paydalani’w menen baylani’sli’ qubi’li’slardi’n’ a’hmiyeti son’g’i’ ji’llarda sonshelli a’hmiyetli bolg’anli’g’i’ sebepli axborot resurslari’ degen termin payda boldi’.

Juwmaqlap aytqanda muzi’ka sabag’i’nda ma`deniy ruwxi’y bayli’g`i’mi’z bolg`an ta`rbiyali’q mazmundag’i’ qosi’qlardi’ u’yretiw arqali’ balalari’mi’zdi’ a’depli insan yetip ta`rbiyalaw ha’m pedegogti’n’ pedagogikali’q sheberligi na’tiyjesinde muzi’ka sawati’n u’yretiw, muzi’kali’q yesitiw qa’biletin qa`liplestiriw, muzi’kadan bilim beriw menen birgelikte wolardi’ ha`r ta`repleme salamat a’wlad yetip rawajlandi’ri’wdan ibarat.

## JUWMAQLAW MUZI’KA TA’LIMINDE INNOVATSION PEDAGOGIKALI’Q TEXNOLOGIYA USI’LLARI’N QOLLANI’WDI’N’ AHMIYETI

Ga’ressizligimiz sharapati’ menen O’zbekistan Respublikasi’nda rawajlani’wdi’n’ basli’ maqseti si’pati’nda salamat a’wlad ta’rbiyasi’na ayri’qsha itibar qarati’lmaqta. Woqi’w ta’rbiya bari’si’na innovatsion pedagogikali’q texnologiyalardi’ yengiziw “Bilimlendiriw haqqi’ndag’i’” ni’zam ha’m “Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlama” si’nda ayti’p wo’tkenindey bul yekinshi ha’m u’shinshi basqi’shlari’nda wori’nlanatug’i’n tiykarg’i’ wazi’ypalardan biri si’pati’nda ko’rsetilip wo’tilgen. Bu’gingi ku’nde jan’a innovatsion pedagogikali’q texnologiyalardi’ ilimiy – teoriyali’q tiykarlari’n u’yreniw ha’m wolardi’ ta’lim – ta’rbiya bari’si’na yengiziw za’ru’rligi muzi’ka pa’nin woqi’ti’w bari’si’nda aktual ma’selelerden birine aylanbaqta. Sebebi a’meldegi da’stu’riy woqi’ti’w dizimi quri’ awi’z yeki so’z benen woqi’ti’w tu’ri boli’p qalmaqta. Bu’gingi ku’nde ta’lim ta’rbiya bari’si’nda wo’zine ta’n bolg’an zamanago’y talaplardi’n’ qoyi’li’p ati’rg’anli’g’i’ biz pedagoglardi’n’ ba’rshesine belgili. Ta’lim – ta’rbiya bari’si’nda pedagogikali’q terxnologiyalar, ta’rbiya, innovatsion woqi’ti’w ha’m qatnas texnologiyalari’n qollawg’a bolg’an talap ku’nnen ku’nge arti’p barmaqta. Bizge belgili usi’ waqi’tqa shekem bilim ali’wshi’larg’a da’stu’riy bilim beriwde woqi’ti’wshi’ ta’repinen tek g’ana tayar bilimler g’ana berilgen ha’m usi’ni’n’ menen birge usi’ berilgen bilimlerdi qanday bolsa sonday hali’nda iyelewge u’yretilgen bolsa, al ha’zirgi da’wirde bolsa innovatsiyali’q bilim beriwde iyelewi kerek bolg’an bilimlerdi bilim ali’wshi’lardi’n’ wo’zleri qi’di’ri’p tabi’wg’a wo’z betinshe yerkin ha’r ta’repleme ilimiy izlenip u’yreniwi, ha’r ta’repleme sali’sti’ri’p juwmaq shi’g’ari’wi’ ha’m talqi’lap bari’wi’ ha’tteki juwmaqlardi’ da wo’zleri keltirip shi’g’ari’wlari’na u’yretedi. Usi’ taqi’lette sho’lkemlestirilgen ta’lim ta’rbiya bari’si’ bolajaq muzi’ka woqi’ti’wshi’lari’ni’n’ ha’r ta’repleme qa’liplesip bari’wi’ ha’m rawajlani’wi’ bilim ali’wi’ ha’mde ruwxi’y aqi’li’y pazi’yletlerdi wo’zinde qa’liplestirgen salamat a’wlad boli’p jetilisiwi ushi’n sharayi’t jarati’ladi’. Ta’lim – ta’rbiya bari’si’n jetilistiriw, si’pati’n asi’ri’w

ila'jlari' bul ta'lim beriw dizimin demokratiyali'q ha'm insani'yli'q printsiplerine tiykarlang'an ta'rizde sho'lkemlestiriwdi talap yetedi. Bundag'i' tiykarg'i' maqset joqari' da'rejedegi uli'wmali'q ka'siplik ma'deniyatqa, yerkin wo'z betinshe pikirlewge, wo'zine tiyisli bolg'an wazi'ypalardi' qi'yi'nshi'li'qsi'z sheshiw qa'biletine iye bolg'an jetik qa'nigelerdi ta'rbiyalawg'a qarati'lg'an.

Demek, ha'zirgi waqi'tta pedagoglarg'a, bolajaq muzi'ka woqi'ti'wshi'lari'na qoyi'latug'i'n talaplar:

- Ha'r bir woqi'ti'wshi'ni'n' woqi'ti'p ati'rg'an pa'ni boyi'nsha teren' bilimge iye boli'wi';
- wo'zinin' pa'ni boyi'nsha barli'q waqi'tta jan'ali'qlarg'a umti'li'wi' ha'm wolardi' a'meliyatta qollani'p bari'wi';
- ha'zirgi zaman pedagogi' keleshekti ko'riwde ha'r dayi'm woqi'wshi' jaslardan aldi'nda boli'wi';
- pedagog zamanago'y woqi'ti'w texnologiyalari'n teren'nen ha'r ta'repleme biliwi ha'm u'yreniwi ha'm yerisilgen na'tiyjelerden paydalani'wg'a wo'zinin' sha'kirtlerin tarta ali'wi';
- kasiplik sheberligin ti'nbay jetilistirip bari'wi', aldi'n'g'i' pedagogikali'q tajiriybeler ha'm soni'n' menen birge zamanago'y kompyuter – internet dizimi ha'm axborot jan'ali'qlari' usi'llari'nan paydalani'wi';
- pedagogti'n' ha'r qanday sharayi'tta wo'zin wo'zi basqara ali'wi' ha'm wo'zin – wo'zi talqi'lap bari'wi' na'tiyjesinde wo'zine baha bere ali'wi';
- sabaq bari'si'nda pedagogikali'q texnologiya usi'llari'nan wo'z worni'nda paydalani'p biliwi, pedagogikali'q sheberligi, mimikasi' ha'm kommunikativ so'ylew qa'biletinin' qa'lipleskenligi;

Prezidentimiz I.A.Karimov so'zi menen aytqanda "Woqi'ti'wshi' balalari'mi'zg'a zaman talabi'na say da'rejede bilim beriliwi kerek. Bunday talap da'rejesinde bilim beriwi ushi'n da'stlep woqi'ti'wshi'ni'n' wo'zi sonday bilimge iye boli'wi' kerek" dep uqti'ri'p wo'tedi. Demek woqi'ti'wshi' sabaq bari'si'nda jan'a ha'm joqari' da'rejedegi pedagogikali'q texnologiyani' wo'zinde wo'zlestirmesten turi'p sabaq bari'si'nda qollang'ani' menen sabaq ku'tilgen

na’tiyjeni bermeydi yag’ni’y sabaqti’n’ maqsetine yerisilmeydi. Pedagogti’n’ pedagogikali’q xi’zmetin yen’ birinshi, woni’n’ ushi’n ka’sip qa’nigelik si’pati’nda jeke mazmun payda yetiwi menen ti’g’i’z baylani’sli’ boli’p, bilim beriwshi ha’m bilim ali’wshi’ is ha’reketine baylani’sli’ boli’p, wol yeki jaqlama ta’sirdi interaktsiya ha’m birgelikli na’tiyjelikti belgileydi. Soni’n’ ushi’n ka’siplik tayarli’q, rawajlani’w menen jeke rawajlani’w arasi’nda baylani’s boli’wi’ sha’rt.

Usi’dan kelip shi’g’i’p – bilim ali’wshi’g’a tek g’ana ta’rbiyalani’wshi’ ob’ekt si’pati’nda yemes ba’lkim wonnan u’yreniw mu’mkin ha’m za’ru’r bolatug’i’n sub’ekt si’pati’nda qaraw kerek boladi’. Sub’ekt – bul bilim ali’wshi’g’a wo’z ta’rbiyali’q ta’sirin wo’tkizetug’i’n pedagog, ata – ana ha’m ja’ma’a’t boli’p yesaplanadi’. Bilim ali’wshi’g’a ta’sir yetiwshi tiykarg’i’ qural bolsa woni’ qi’zi’qti’ri’wshi’ bilim, ta’jiriybe, pedagogti’n’ sheberligi ha’m uqi’bi’ yesaplanadi’. Soni’n’ ushi’nda da bilim beriwshi wo’z u’stinde jumi’s ali’p bari’wi’ talap yetiledi. Pedagogti’n’ tiykarg’i’ ta’rbiyalaw qurali’ – bul ta’rbiyalawshi’ miynet, wo’z – ara sa’wbetlesiwi, woyi’n arqali’ tusindiriwler boli’p yesaplanadi’. Haqi’yqi’y pedagog bilim ali’wshi’lardi’ yag’ni’y ja’ma’a’tti wo’zine tarta ali’w, wolardi’ qi’zi’qti’ra ali’w, bilim ali’wshi’lardi’n’ aldi’na ani’q maqset qoyi’wi’ – yag’ni’y ja’ma’a’tti basqara ali’wi’ qa’biletine iye boli’wi’ kerek. Bulardan ti’sqari’ pedagog sabaq bari’si’nda axborot texnologiyalari’nan, aldi’n’g’i’ pedagogikali’q texnologiyalardan kompyuter arqali’ internet jan’ali’qlari’nan paydalani’wlari’ kerek. Pedagogikali’q texnologiyalardi’n’ na’tiyjeligi muzi’kali’q ta’limdi belgili bir maqset tiykari’nda, forma, usi’l ha’m woqi’w qurallari’ ja’rdeminde sho’lkemlestiriliwi menen ta’miyinlenedi. Texnikali’q qurallar, kompyuter ha’m muzi’kali’q saz – a’spablari’, ko’rgizbeli bezewler, a’meliy sabaqlar, pedagogikali’q ha’m psixologiyali’q jaqtan aldi’n’g’i’ pedagoglardi’n’ ta’jiriybeleri, sabaqlardi’n’ da’stu’riy yemes formalari’, bahalawdi’n’ jan’a dizimi si’yaqli’ pedagogikali’q texnologiyalar na’tiyjeligin ani’qawdi’n’ a’hmiyetli wo’lshemleri boli’p xi’zmet yetedi.

Milliy g’a’ressizlik sharapati’ menen ma’mleketimizde g’alaba xabar qurallari’, xabar – kommunikaciya tarawi’n rawajlandi’ri’w tiykari’nda milliy

xabar dizimin rawajlandi'ri'w ma'mleket organlari', sho'lkemler, tarmaqlar ha'm basqada mekemler arasi'nda xabar almasi'wdi' jaqsi'law, wolardi'n' integraciya da'rejesini ha'm basqari'w sapasi'n jaqsi'lawg'a imkaniyat jarati'ldi'. Respublikami'zda axborot – kommunikaciya tarawi' rawajlani'wi'n ja'nede jedellestiriwge ayri'qshi' kewil awdari'ldi'.

Respublikami'z Prezidenti I.Karimov ta'repinen bul taraw ma'mleketimizdin' ekonomikali'q rawajlani'wi'nda tiykarg'i' wori'n tutatug'i'nli'g'i' atap wo'tildi ha'm buni'n' negizinde basli' wazi'ypalar belgilenip berildi.

- axborotlasti'ri'di'n' milliy dizimin rawajlandi'ri'w;
- ekonomikani'n' barli'q tarmaq ha'm tarawlari'nda, sonday – aq, ja'miyetimiz turmi'si'nda zamanago'y xabar texnologoiyalari'nan paydalani'w ha'm wolardi' turmi'sqa yengiziw;
- puxaralardi'n' xabarg'a baylani'sli' talaplari'n wori'nlaw;
- ja'ha'n xabar resurslari'nan paydalani'w imkaniyati'n' ken'eytiriw ha'm ja'ha'nnin' xabar sherikligine kiriw ushi'n qolay jag'day jarati'.

1994 ji'lda respublikami'da 475 g'alaba xabar qurallari' bolg'an bolsa wolardan 384 gazeta, 66 jurnal, 19 telestudiya, 3 kabel televideniesi, 2 radiostudiya ha'm bir agentlik xi'zmet ko'rsetken bolsa, keyingi 10 ji'ldi'n' wo'zinde baspa g'alaba qurallari'ni'n' sani' 1,5 yesege, elektron g'alaba xabar qurallari'ni'n' sani' 7 yesege ko'beyip, bu'gingi ku'nde wolardi'n' uli'wma sani' 1200 ge jetti.

Respublikami'zda islep turg'an telekanallardi'n' 53%, radiokanallardi'n' 85% ma'mleketlik yemes g'alaba xabar qurallari'nan yesaplanadi'. G'alaba xabar qurallari' O'zbekistan jasaytug'i'n millet ha'm yelatlardi'n' 7 tilinde xi'zmet ko'rsetedi, sonday – aq, baspa materiallar ha'm teleko'rsetiwler shet – tillerinde de tarqati'lmaqda. Ma'mleketimizde barli'q, yag'ni'y 12 mi'n'nan arti'q bilimlendiriw mekemeleri, ilimiy ha'm ma'deniy – ag'arti'wshi'li'q sho'lkemleri 25 mi'n'nan zi'yat woqi'w materiali' ha'm resurslari'n wo'z ishine alg'an ta'lim portali'na (arali'qdan turi'p woqi'ti'w usi'llari'n bilimlendiriw dizimine yengiziw) qosi'ldi'. Zamanago'y xabar ha'm kompyuter texnologiyalari', cifrali' ha'm ken'

formatli’ telekommunikaciyalar, internet tek mektep, licey, kolledj ha’m joqari’ woqi’w wori’nlari’nda g’ana yemes, ha’tteki ha’r xojali’qda qollani’wi’ ushi’n barli’q mu’mkinshilikler jarati’ldi’. Bul isler na’tiyjesinde yelimizde 6,6 million adam internetten paydalanbaqda, wolardi’n’ yari’mi’ mobil baylani’slar arqali’ internetten paydalani’wshi’lardi’ quraydi’. Ha’zirgi ku’nde ma’mleketimiz kommunikaciyalar dizimi du’nyani’n’ 180 ma’mleketine 28 bag’dar boyi’nsha tuwri’dan tuwri’ shi’g’atug’i’n xali’qara kanallarg’a iye. Yelimizdegi teleradiokanallar ta’repinen tayarlanatug’i’n ko’rsetiw ha’m yesittiriwlerde internet global tarmag’i’ arqali’ real waqi’t rejiminde ja’ha’nge ko’rsetilmekte. Bu’gingi ku’nde jurti’mi’z mobil baylani’slari’ rawajlani’w ko’rsetkishleri boyi’nsha du’nya aldi’n’g’i’ wori’nda turatug’i’n won ma’mleket qatari’na kiredi. O’zbekistanda mobil baylani’slar xi’zmetinen paydalani’wshi’lardi’n’ uli’wma sani’ 2000 ji’lg’a sali’starg’anda 200 yesege asti’, yag’ni’y 19 millionnan aslam abonent boldi’.

Xabar – kommunikaciya texnologiyalari’n turmi’sqa yengiziwde xalqi’mi’zg’a sonday – aq awi’l xalqi’na internet tarmag’i’ni’n’ xali’qara kanallarg’a kiriw imkaniyati’ basqi’shpa – basqi’sh ken’eytirilip paydalani’w mu’mkinshilikleri jolg’a tu’sirilmekde. Woqi’w wori’nlari’nda kompyuter klasslari’ ha’m internet tarmag’i’nan ja’miyetshilik tiykari’nda paydalani’w punktleri bazasi’nda xabar texnologiyalari’ negizinde woqi’ti’w dizimi sho’lkemlestirildi. Demek, XXI a’sir – xabar a’siri. Wonda ja’ha’n xali’qlari’ni’n’ wo’z ara qatnasi’qlari’ da jan’adan – jan’a bag’darlarda wo’z sa’wleleniwin taba beredi ha’m wonda respublikami’z wo’zinin’ i’layi’qli’ worni’na iye bola aladi’.Bul ma’mleket bayli’g’I’ boli’p zamanago’y ma’mlekettin’ intelektual qu’diretin bildiredi.

Juwmaqlap aytqanda muzi’ka sabag’i’nda ma`deniy ruwxi’y bayli’g`i’mi’z bolg`an ta`rbiyali’q mazmundag’i’ qosi’qlardi’ kompyuterden paydalani’p u’yretiw arqali’ balalari’mi’zdi’ a’depli insan yetip ta`rbiyalaw ha’m pedegogti’n’ pedagogikali’q sheberligi na’tiyjesinde muzi’ka sawati’n u’yretiw, muzi’kali’q yesitiw qa’biletin qa`liplestiriw, muzi’kadan bilim beriw menen birgelikte wolardi’ ha`r ta`repleme salamat a’wlad yetip rawajlandi’ri’wdan ibarat.

## A’DEBI’YATLAR

1. Karimov. I.A. «Joqari’ ma`nawiyat jen`ilmes ku`sh» T., «Ma`naviyat» 2008j
2. Kadrlar tayarlawdi’n’ milliy bag’darlamasi’. T. 1997.
3. Azizxojaeva N.N.” Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat”. T., 2006 160 b.
4. Amaniyazov. G’. “Muzi’ka ma`deniyati’” 1 – 3 klass No`kis “Bilim” 2008 – ji’l.
5. Amaniyazov. G’, Tajetdinova S. “Muzi’ka” 2 – klass ushi’n metodikali’q qollanba No`kis “Bilim” baspasi’ 2008 – ji’l.
6. Amaniyazov. G’, Ulfetova G. “Muzi’ka” 3 – klass ushi’n metodikali’q qollanba No`kis “Bilim” baspasi’ 2008 – ji’l.
7. Апраксина О.А. “Методика музыкального воспитания в школе” М. 1983.
8. Farberman. “Ilg’or pedagogik texnologiya”. Fan ,T., 2000.
9. Fayziev O. Musiqa va tarbiya T., Fan 2007.
10. Flarbermen B. L., ”Ilg’or pedagogik texnologiyalar” T., 2000.
11. G’afforova T. “Boshlang’ich talimda zamonaviy pedagogik texnologiyalar”, “Taffakur” nashriyoti, T., 2011 y.
12. Ishmuhamedov R.J., Abduqodirov A.A, Pardaev A.X. “Talimda innovatsion texnologiyalar”, T., 2008 y.
13. Ishmatov K. “Ilg’or pedagogik texnologiyalar”, Namangan, 2000 y.
14. Kamoldinov M, Vaxobjonov B, “Innavatsion pedagogik texnologiyalar asoslari, 101 savolga 101 javob”, Toshkent, 2007 y.
15. Kamoldinov M, Vaxobjonov B, “Innavatsion pedagogik texnologiyalar”, Toshkent, 2006 y.
16. Karimova D.A. “Musiqa va uni o’qitish metodikasi” Toshkent 2006 – yil.
17. Qosimov A.X., F.A. Xolikova “ Pedagogik texnologiyalar va pedagogik mahorat” ma’ruzalar matni. Toshkent 2004
18. Mamatqosimov J. “Ommaviy bayramlar ressurasida sahna madaniyti” T., 2009
19. Madumarov T.,M.Kamololdinov Innovacion pedagogik texnologiya asoslari va uni ta]lim – tarbiya jarayonida qo’llash’ T., 2012 y
20. O’zbekistonda axborot – kommunikacion texnologiyalarni tizimli rivojlantirish:

talab va taklifning mosligi” mavzusidagi ilmiy – amaliy anjuman materiallari. 190 – 192 betlar., 2012 yil.

21. O’rta maxsus, kasb – hunar va oliy ta’lim integratsiyasi. Musiqa va uni o’qitish metodikasi ( Nizomiy nomidagi TDPU “Musiqa va uni o’qitish metodikasi’” kafedrasi’ni’ng Yunus Rajabiy nomidagi pedagogika kolleji bilan hamkorlikda o’tkaziladigan mashqulotlar ishlanmasi). Toshkent 2006
22. Tojiev M., Ziyomuhamedov B., “Pedagogik texnologiya” T., 2013 yil
23. Телчарова Р.А. “Уроки музыкальной культуры” Москва 1991.
24. Сафина. Д.В., Мусина. Р.Г. Интерактивние методы преподавания и учения Учебно - методические пособие. Душанбе. 2006
25. Саитбаева Е.Р. Дистанционная лекция по педагогическим технологиям http: //www. Ooipkro. Ru// Bank//TNL/Text/ оoипкро. Ру//Банк// ТНЛ/Tехт/ tio 225 htm

**Elektron saytlar:**

1. http: //www. Ziyo.NET. uz./
2. http: //www. Pedagog. uz./
3. http: //www. edu. uz./